ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЦКІУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м и ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ПЛАНДЗРЭ КЪЫДОКІ

№106 (23.764) ● 2018 гъэм шыщхьэІум (августым) и 30, махуэку ● Тхьэмахуэм щэ къыдокІ ● И уасэр зы тумэнщ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

Унафэхэр зэпэлъытауэ, цІыхухэм я сэбэп зыхэлъхэм ятещІыхьауэ щытын хуейщ

УФ-м и Президент Путин В. В. шыщхьэІум и 29-м Урысейм и цІыхухэм зэрызахуигъэзар

Урысейм и цІыхухэу пщІэ зыхуэсщІхэ! Ныбжьэгъу лъапІэхэ.

2018 гъэм мэкъуаэгъуэм и 16-м Правительствэм Кърал Думэм къыщыхилъхьащ Пенсэ Іэхъум зэхъуэкІыныгъэхэр хэлъхьэным теуху захуопроектыр. Ар къэралым и Парламентым япэ къеджэгъуэу бадзэуэгъэр 19-м кІыщтащ. Мыр нэхъыщхьэу зытеухуар, и лъабжьэу щытыр пенсэмкІэ системэр дяпэ илъэс куэдкІэ зэпІэзэрыту икІи финансхэм я лъэныкъуэкІэ зэтету щытынырц, апхуэдэу щыщыткІэ, иджырей пенсионерхэмэ, къэкІуэну зэманым пенсэхэр зратынухэмэ я хэхъуэхэм І3рымыгъэхуным и мызакъуэу, а хэхъуэхэр нэхъыбэ щынырщ.

Апхуэдэ мурадхэр гъэзэщІа хъун папщІэ, нэгъуэщІ Іэзху зэмылІэужьыгъуэхэм бадзэкІуэу, законопроектым къегъэуВ пенсэм щыкІуэ ныбжьыр нэхъыбэ ящІурэ зэкІуэжьын хуейуэ. Къызэгуроїуэ апхуэдэ Іэхъухэм цІыху мелуанэм, дэтхэнэ зы цІыхуми я дежкІэ яІэ мыхьэнэ зэрыиныр. Аращ сэ нобэ занщІэу зыщІыфхуэзгъаэзэр - Правительствэм къыхилъхьэ а зэхъуэкІыныгъэхэм зэпкърыхауэ сытепсэлъыхьын, абыхэм сызэреплъыр ныжесІэн, нэхъ мыхьэнэшхуэ зиІэу ахъслъытэ ІэзхуэмкІэ сывдзгуэшэн папщІэщ.

Псом япэу фигу къэзгъэкІыжынщ пенсэм щагъакІуэ ныбжьым хэгъэхъуэным теухуа зэныкъуэкъуэр зэрымыщІэкІэ къызэремыжьар, ахэр къыщыкъуэкІар нобэу зэрыщымытыр. Абыхэм совет лъэхъэнэми, 90 гъэхэми тепсэлъыхьащ. Ауэ щхьэусыгъуэ зэмылІэужьыгъуэхэм къыхэкІыу унафэ хъамыщтэурэ екІуэкІащ.

МинитІ гъэхэм я пэщІэдзэм Урысейм и Правительствэм хэтхэми экспертхэм ящыщ куэдми трагъэчныкьыу щІадзащ пенсэ Іэхъум теухуа реформэ егъэкІуэкІын, пенсэм щагъакІуэ ныбжьыр къэІэтын зэрыхуейм.

Абы папщІэ лъабжьэ пыухыкІахэр щыІэт. Нэрылъагъут 2020 гъэхэм ирихьэлІэу дэ демографием пыщІа гугъуехьхэм даэрыІуэныр. Сытыт абыхэм я щхьэусыгъуэр?

Илъэс 25 - 27-рэ кьэс унагъуэ щызэрагъэпэщ, бын щагъуэт балигъ ГъащІэм хыхьэхэм я бжьыгъэ зэрыщытын хуеям нэхърэ нэхъ мащІэ хъуэрэ ирокІуэкІ. Ар къызыхэкІыр Хэку зауэшхуэм и зэманым демографие щхьэныныгъэ ин зэрыдгъэтарщ. ХэкІуэдахэм къадэкІуэу, абыхэм хеубыдэ зауэ илъэсхэм къамылъхуу къэна цІыху мелуанхэр.

Апхуэдэу зи бжьыгъэм кІэрыхуэ зи чэзу щІэблэр балигъ ГъащІэм щыхьхьа лъэхъэнэр хуэзащ блэкІа лІэщІыгъуэм и 90 гъэхэм я кум. Мис а зэман дыдэм къэралым къыжьэхуащ экономикэ, социальнэ кризис хьэлъэмрэ абы и лъэужь гуэвэгъуэмрэ. Абы еТІуанэ демографие удын иныр къыдидзащ. Аргуэру абы щыгъуэ сабийуэ дунейм къытехьар нэхъ мащІэщ псоми зыхуэплъам нэхъри я кІэухым и апхуэдэ демографие удыныр зауэр щекІуэкІа 1943, 1945 гъэхэм къытхуахьам еплъыт хъунущ.

ИкІи мис, 90 гъэхэм къалъхуа щІэблэу зи бжьыгъэр мащІэр иджы лэжьэгъуэ ныбжьым йоувэ. Абы къыхэкІыу пенсэмкІэ системэм къытехуэ зыхьэр нэхъри нэхъ ин мэхъу, сыту жыпІэмэ пенсэ ахъшэр къэзылэжьныхэм я бжьыгъэм кІэрохУ, лэжьапІэ Іутхэм пенсэмкІэ Іэнатіэм халъхьэ взносхэр нобэрей пенсионерхэм, ди адэ-анэхэм яІэрыхьэу аращи. Мыдрейхэми, езыхэр щылэжьа зэманым взносхэр хухахыу щытащ ди адэшхуэхэр пенсэкІэ къызэрэпэщыным.

А псоми къикІыр гурыІуэгъуэщ - лэжьэгъуэ ныбжьым итхэр нэхъ мащІэ хъуху пенсэхэр тынымрэ ахэр нэхъыбэ щынымкІэ щыІэ Іэмалхэр кІэроху. Апхуэдэу щыхъукІэ, зэхъуэкІныныгъэхэр егъэкІуэкІын хуейщ.

Ауэ 2000 гъэхэм сэ зэхъуэкІныныгъэхэр дэсІыгъуу щытакъым. Апхуэдэ си Іуэху еплъыкІэр зэхуэщІауэ едгъэкІуэкІ зэІущІэхэми утыку зэІухахэми щыжысІэрт. Псалъэм папщІэ, 2005 гъэм «Псалъэмакъ зэІухахэм» ящыщ зым си пыухыкІауэ щыжысІауэ щытащ Президентым и полномочиехэр згъэзэщІэху апхуэдэ зэхъуэкІныныгъэхэр зэрыщымыІэнэр.

Урысейм и Президентым и къулыкъум сыкъыщыІукІа 2008 гъэм пенсэмкІэ Іэнатіэм и щытыкІэм зэхъуэкІныныгъэ игъэзэкІуэжащ. Дэ экономикэм щыІэ гугъуэхэ инхэр къызэрэкІащ икІи 2016 гъэм щегъэжьауэ экономикэм и зэфІэкІыр зэпІэзэрыту хэхъуэу хуежьащ, Иджыпсту лэжьапІэнщагъэм и лъэныкъуэкІэ Урысейм и Іуэхур 1991 гъэ лъандэрэ нэхъыфІ дыдэщ.

Дауи, дэ иджыри зэфІэдгъэкІын хуейуэ куэд диІэщ. Лэжьыпхъэхэр щымащІэкъым ГъащІэм и фІагъымрэ цІыхур зэрыпсэуэ зыхуэдизымрэ зэлъытэ Іэнатіэмэ узынщагъэр хъумэнми. Ауэ, щэч кІыныгъ тумыжьэжьынр арати, къэралым зэфІигъэкІа Іуэхухэм, апхуэдэу цІыхухэр я узынщагъэм нэхъ кІэлъплъыжу зэрыхуежьам я фІыщІэкІэ иджыпсту Урысейм и цІыхухэм я ГъащІэр дуней псом щынэхъ кІыхьхэм ящыщщ. Иужьрей илъэс 15-м къриубыдэу ар илъэси 8-м нэблагъэкІэ (илъэси 7,8-кІэ) нэхъыбэ хъуащ.

СощІэ дэ псоми статистикэм дзыхьышхуэ хуэдмыщІу дыкъызэрекІуэкІыр. Зэрыхабзэщи, дэ ди фІэщ хъур ГъащІэм щытлъагъурщ, ихъуреягъкІэ тлъагъурщ. Пэж дыдэу языныкъуэхэм ГъащІэшхуэ яІэщ, ауэ ди Іыхьлыхэм, ди цІыхугъэхэм ящыщ гуэрхэр пасэ дыдэу дунейм йохьж. Ауэ мыбдеж зи гугъу тщІыр Урысейм цІыхуитІ зэрыщыпсэу зэманыр лъэныкъуэ псори къэлъытауэ къызэрабжырщ икІи абы Лъэпкъ Зэгугэтхэм я Организацэм и экспертхэр щыхьэт зэрытехъуэрщ.

Дэ къалэну зыхуэдгъэувыжащ дызыхуэкІэ илъэсипщІым и кІэухым цІыхур ику иту зэрыпсэуэр илъэс 80-м щІигъун хуейуэ. ИкІи тхуэзэфІэкІ псори длэжьнущ ди къэралым исхэр узынщэу щытын, абыхэм гъащІэ кІыхь яІэн папщІэ.

Ныбжьэгъу лъапІэхэ.

Альандэрэ сызытепсэлъыхьа псори лъабжьэ пыухыкІам тетщ икІи иджыпсту щыІэ щытыкІэр къагъэльагъуэ. А псори хъарзынэщ. Ауэ апхуэдэ зэхъуэкІныныгъэхэр цІыху минищэхэм, мелуанэм я сэбэп зыхэлъхэм зэратещІыхьар зыхэтщІэу икІи къэтпльтэу щытын хуейщ. Абыхэм яІыщ язныкъуэхэр пенсэм зэрыкІэрыкІуэм икІи зэман нэхъыбэ унагъуэм, сабийхэм, къуэрылъху-пхъурылъхэм зэрытрагъэкІуэдэнум йогупсыс. Адрейхэм я мурадщ адэкІи лэжьэну икІи къратыну пенсэри хэхъуэм и гуэдзэну къагъэсэбэпыну. Апхуэдэ хуитныныгъэ, зэрыгурыІуэгъуэщи, абыхэм яІэщ. Ауэ иджы а псори зэманкІэ гъэІэпхъуа мэхъу.

ГурыІуэгъуэщ цІыху куэдым апхуэдэ зэхъуэкІныныгъэхэр къаззрехьэлъэкІыр. Сэ ар фІыуэ къызгуроІуэ икІи псэкІэ зыхьэощІэ. Ауэ девгъэплъыт дызыхэдэ хъуну диІэ хэкІыпІэхэм.

Пенсэхэр зэрыцІыкІум арэзы дытехъуэу пенсэм и Іэнатіэр зэІыхьэу, лъэпъэжьыу дыпэплъэну? ФІэкІыпІэ зимыІэ Іуэху гугъуэхэр дгъэІэпхъуэу къыкІэлъыкІуэ щІэблэм къыхуэдгъэзэну, е илъэс 15 - 20-м къриубыдэу къэралыр зыхуэзкІуэнур къэтпльытэу тхуэфащэ Іуэхуэхэр длэжьыну?

Къытезгъэзэжынщи, пенсэм и Іэнатіэм зэхъуэкІныныгъэхэр зэрыщагъэкІуэкІынум, - цІыхуэхэр пенсэ щагъакІуэ ныбжьым зэхягъэхъуэнум псори егъэпІейтей. Апхуэдэу щыщыткІэ, политикэ къруухэм, псом япэу оппозицэм, ар къагъэсэбэпнущ я цІыр яГэІуэн, я пщІэр къаІэтын папщІэ. Демократием и хабзэм тет дэтхэнэ жылагъуэми апхуэдэ политикэ хэщІыныгъэхэр Іэмал имыІэу егъуэт. Апхуэдэу щыт пэтми, сэ Правительствэм селъэІуну сыхуейщ сэбэпныгъэ къызыпыкІынкІэ хъун Іуэхуу къыхалъхьахэм, оппозицэм къиІэтахэри абыхэм яхэту, икъукІэ набдзэгубдзапльэу хэпльэну икІи кьигъэсэбэпыну.

Иджырей, иджыпсту лажьэ властым и гугъу пщІымэ, абы и дежкІэ нобэ нэхъ тыншыр, нэхъ къызэрыгуэкІыр зыри имыхъэужьнырщ. Гугъуехь пыухыкІэхэр щыІэми, иджыпсту урысей экономикэр зэпІэзэрытщ. Бюджетым иІэщ Пенсэ фондыр зэрыригъэкъун мыльку. Я нэхъ мащІэ дыдэ хъуамэ, дэ идижри илъэси 7 - 10-кІэ яГэувэ пІалъэхэм ирихьэлІэу пенсэм хэдгъахъуэу декІуэкІыфынущ.

(КІэухыр 2-нэ нап.).

● Егъэджэныгъэ

УФ-м и щІыналъэ псори хэту

Хабзэ хъуащи, УФ-м илъэс къэс щокІуэкІ Адэ-анэхэм я урысейпсо зэхуэс. Ар къызэрегъэпэщ Адэ-анэхэм я лъэпкъпсо зэгухьэныгъэм. Мыгъэрей апхуэдэ Іуэхугъуэр шыщхьэуІум и 31-м сыхьэт 11-м Москва къыщыІэзІуахынущ. УФ-м егъэджэныгъэмкІэ и министр Васильевэ Ольгэ зыхэтыну зэхуэсым егъэджэныгъэ Іэнатіэм и лэжьакІуэхэр зыгъэпІейтей Іуэхугъуэ куэдым щытепсэлъыхьынущ.

КъЭРАЛПСО зэхуэсым и мурад нэхъыщхьэр УФ-м и еджапІэ Іэнатіэм и иджырей щытыкІэм теухуауэ жылагъуэм щыщыІэ епльыкІэхэр къэгъэнэІуэнырщ, адэ-анэхэр зыгъэпІейтей Іуэхугъуэхэр зэпкърыхынырщ, хэкІыпІэхэр уБзыхьнырщ, егъэджэныгъэм къыхалъхьэ проектыщІэхэмрэ программэщІэхэмрэ лэжьыгъэм, ГъащІэм зэрыхэзагъэр къэхуэтэныпц. А Іуэхугъуэхэм ятещІыхьа ущІэ куэд яГэкьакІэщ. ЕгъэджэныгъэмкІэ министерствэмрэ Адэ-анэхэм я лъэпкъпсо зэгухьэныгъэмрэ «ВКонтакте» Интернет социальнэ зэпыщІэныгъэм щаІэ https://vk.com/minprosvet, http://nra-russia.ru/news/2018/avgust/zadaj-voprosministru-prosveshheniya.html я сайтхэм.

Бадзэгъуэ мазэм къыщыщІэдзауэ упщІэ минитІым нэблагъэ яІэрыхьакІэщ зэхуэсым и къызэгъэпэщакІуэхэм. Абыхэм набдзэгубдзапльэу хэпльэри, унэтІыныгъитхуу зэщхьэщахащ: анэдэлъхубзэхэр джыным епхахэр, къэпщытэныгъэхэр зэрырагъэкІуэкІым теухуахэр, егъэджэныгъэм и иджырей щытыкІэм ехьэлІахэр, егъэджакІуэхэм я лэжьыгъэр нэхъыфІу къызэгъэпэщыным епхахэр, школхэм мылъкукІэ защІэгъэкъуэным ехьэлІахэр.

Зи цІэ хэтІуа сайтхэм я фІыгъэкІэ а урысейпсо зэхуэсым и лэжьыгъэм онлайн щытыкІэм иту щыкІэпльыфынущ къэралым хьэхэ сыт хуэдэ щІыналъэмэ щыпсэу цІыхухэр. Адэ-анэхэм я зэхуэсым хэтынущ Къзбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыщхэри.

ЖЫЛАСЭ Маритэ.

● Хъыбар гуапэ

Къайсэр щекІуэкІащ 9-нэ Дунейпсо Адыгэ фестивалыр

Тыркум щыІэ Къайсэр Хасэр илъэс 50 зэрырикъум ирихьэлІэу шыщхьэуІум и 23-м Къайнар къуажэм 9-нэ Адыгэ щэнхабзэ фестиваль щекІуэкІащ. Тырку къыбарегъащІэхэм къыззратыжамкІэ, мы гъэм абы екІуэлІащ цІыху мин 40-м нэс.

ХЭКУМ щыщу фестивалым ирагъэблагъащ уэрэджыкІакІуэхэу Нэчэ Чэрим, Къэзан Сэтэней, «Хатти» ансамблыр, нэгъуэщІхэри. Тыркум щыпсэу адыгэхэм Чэрим фІэхъус гуапэкІэ захуигъэзащ фестивалым и пэ къыхуэу: «Тырку щыпльапльэщыпсэу ди къуэшхэ, ди шыпхъуэхэ, пщІэ зыхуэсщІхэ! Адыгэ лъэпкъхэр дызэрыщыІэр адрей лъэпкъхэм ящымыгъупщэным телажьэ, Къайсэр къалэм дэт ди Адыгэ Хасэр илъэс 50 зэрырикъум ехьэлІа дауэдапщэм, санэхуафэм уэрэдкІэ, къафэкІэ, пшынальэкІэ, джэгукІэ гъэнщІауэ щытыну пшыхьым, сыкърагъэблагъащ. Сэри си гуапэу фэ зыфхуэзгъаза зи лъэ вакъэ изылъхьэу «сыадыгэщ» жызыІэ дэтхэнэ зыри абы фыкъежьэкІуэлІэну».

УэрэджыкІакІуэ къэпщІыкъуж теплъэ зэрыІэм хуэдэ къаблэзу, пшыхьым кьекІуэлІэ цІыхубри зыгуэрым нэхъ кьыхьэ-гъэщ. Утыку ита псоми гуапэу яІущІа ди лъэпкъэгъуэм я пащхьэм Чэрим кІихьа нэужь, дэрэжэгъуэщІэ зэрагъуэтам гу лъымытэнкІэ Іэмал иІэтэкъым. Езы уэрэджыкІакІуэми Іуэхур щІигъэхуабжьэрт: «Мыпхудэ гъыэтыгъуэ дизыгъэхуа, мыпхуэдэ дахагъэ дзэзгъэльагъу Къайсэр Хасэ илъэс 50 ирикъур илъэси 100 ирикъуауэ Тхьэм дигъэльагъу, дунейр щыІэхукІэ адыгэр лъэпкъыу дыщыІэну, мыпхуэдэу дызэхэтыфыну Тхьэм жиІэ!»

«Мыхэращ ипэжыпІэкІэ зи лъэпкъыр фІыуэ зыльэкъуэжьыр», - щетхыж Инстаграмым цІыху бжьыгъэ къекІуэлІам зигу хигъахъуэ гуэрым. «Гурэ псэкІэ кьодаІуэхэр. Ди цІыхубэр нэхъ гу щІыІэщ, абыхэм ельытауэ», - дыщІегу нэгъуэщІым. «Зыгуэр къызэуупщІат, хамэщІым игьащІэм мыпхуэдиз адыгэ зы щыпІэ щызэхуэсауэ плъэгъуа? - жиІэри, - дыкъыщоджэ фестивалым ебгъэ-гъа, КъБР-м и телевидениэм и журналист Шыбзыхъуэ Астемыр и тхыгъэхэм. - Уэлэхи, си кьуэш, Тыркур къызогъанэри, хэкум щызымыльэгъуа», - естащ абы жэуап».

ЧЭРИМ Марианнэ.

● КъБР-м и Правительствэм

Мазихым кърикІуар къапщытэ

КъБР-м и Правительствэм и УнафэщІ Мусуков Алий дыгъуасэ иригъэкІуэкІащ Правительствэм хэтхэм я зэІущІэ. Абы Іуэхугъуэм 10-м щІигъум щыхэпльащ.

КъЭБЭРДЕЙ-Балъкъэр Республикэм и бюджетыр 2018 гъэм и япэ илъэс ныкъуэм зэрагъэзэщІам теухуауэ къыщыпсалъэм, КъБР-м финансхэмкІэ и министрым и къулыкъур зыгъэзащІэ **Лисун Еленэ** жиІащ бюджетым щыщу сом мелард 13-рэ мелуан 305-рэ блэкІа мазихым къызэрагъэсэбэпар, абы щыщу процент 70-р Іуэхугъуэ нэхъыщхьэу яубзыхуахэм зэрызыухаращ. Бюджет ахъшэм щыщу сом меларди 2-рэ мелуан 300-м щІигъур улахуэу ятащ, мелуани 125,4-рэ коммунальнэ Іуэхутхьэбзэхэм текІуэдащ. Республикэм мылажьэу исхэм медицинэ страховань яхуэщІэным сом меларди щІигъу хуахаащ. Апхуэдэу гъэгугъэр зэгъэзэжьыным, щІэ уху-ным, кІэльыплъыным мелуани 162,3-рэ ихьащ. Лисун Еленэ зэрыжиІамкІэ, къэрал щІыхуэу республикэм тельщ сом меларди 10-м щІигъу. ЩІыхуэм щхьэщатыкІащ сом мелуани 185-рэ, ар нэгъабэ и япэ мазихым ельытауэ процент 31-кІэ нэхъ мащІэщ. Правительствэм хэтхэр арэзы текІуэщ Лисун Еленэ жиІам, бюджетыр зэрагъэзэщІам и проектым, адэкІэ хэпльэнущ КъБР-м и Парламентымрэ КъБР-м и Іэтащхьэмрэ.

ЗэІущІэм хэтахэм зэпкърахащ КъБР-м и Къэралыгъэм и махуэм ирихьэлІэу шыгъажэ-спорт мазэшхуэр къыззрызэрагъэпэщынум теухуа унафэм и проектым. КъБР-м и Правительствэм и Унафэщым и япэ къуэдзэ - КъБР-м мэкъумэш хозяйствэмкІэ и министр **Говоров Сергей** жиІащ мы Іуэхур гъэ къэси зэрекІуэкІыр, 2018 гъэм 13-нэу къызэрызэрагъэпэщынур. Абы къыхигъэщащ саугъэтхэм папщІэ фонд къызэрагъэпэщын зэрыхуейр. Тыгъэхэмрэ кубокхэмрэ сом мелуни 2-рэ мин 75-рэ текІуэдэнущ. Говоровым жиІащ ар республикэ бюджетым къыщыгъэльэгъуауэ зэрыщытыр.

КъБР-м промышленностымрэ сатумкІэ и министр Іэхъуэбэч Щамил министерствэм и убзыхуэкІэм теуху унафэм и проектыр ущІэкІуэкІащ. Апхуэдэу зэрагъэзэщІам и проектым, адэкІэ хэпльэнущ КъБР-м и Парламентымрэ КъБР-м и Іэтащхьэмрэ.

ЗэІущІэм хэтахэм зэпкърахащ КъБР-м и Къэралыгъэм и махуэм ирихьэлІэу шыгъажэ-спорт мазэшхуэр къыззрызэрагъэпэщынум теухуа унафэм и проектым. КъБР-м и Правительствэм и Унафэщым и япэ къуэдзэ - КъБР-м мэкъумэш хозяйствэмкІэ и министр **Говоров Сергей** жиІащ мы Іуэхур гъэ къэси зэрекІуэкІыр, 2018 гъэм 13-нэу къызэрызэрагъэпэщынур. Абы къыхигъэщащ саугъэтхэм папщІэ фонд къызэрагъэпэщын зэрыхуейр. Тыгъэхэмрэ кубокхэмрэ сом мелуни 2-рэ мин 75-рэ текІуэдэнущ. Говоровым жиІащ ар республикэ бюджетым къыщыгъэльэгъуауэ зэрыщытыр.

КъБР-м промышленностымрэ сатумкІэ и министр Іэхъуэбэч Щамил министерствэм и убзыхуэкІэм теуху унафэм и проектыр ущІэкІуэкІащ. Апхуэдэу щыІэкІуэкІа Балъкъыз Артур иригъэкІуэкІа зэхуэсым кърихьэлІащ Бахъсэн районым и прокурорым и къалэнхэр зыгъэзащІэ Тхьэгъэпсо Мурат, УФ-м и УФСБ-м КъБР-м и Бахъсэн къалэм щиІэ къудамэм и унафэщІым и къуэдзэ Гъут Аслъэнбэч, КъБР-м и Дзэ комиссариатым Бахъсэн къалэм, Бахъсэн, Дзэлыкъуэ щІыналъэхэм щиІэ къудамэм и унафэщІ Сосналы Мухьэмэд, Бахъсэн районым администрацэм хабзэхьэмэ Іэнатіэхэм ядэлэжьэныжьмкІэ и управленэм и унафэщІ Тохъутэмыщ Мухьэмэд сымэ, комиссэм хэтхэр, щІыналъэм хэхьэ жылэхэм я унафэщІхэр.

Зэхуэсым кърихьэлІахэр нэхъыбэу зытепсэлъыхьар гъэ еджапІэм ирихьэлІэ ЩІэныгъэхэм я махуэм жылагъуэм щынагъуэншагъэ тКІийуэ къыщыззгъэпэщыным ехьэлІат. Гулъытэ хэха хуащІащ щытыкІэ къызэрымыкІуэ къэхъуэмэ, кІэлъыплъныныгъэр зи пщэрылъ дэтхэнэми игъэззащІапхъэ Іуэхугъуэхэр къызэхуэтыншэу зэфІэхьыным. Къинэмыщ1ауэ, зэхуэсым къыщыпщытэжащ жылагъуэм щынагъуэншагъэ щыщыІэным ехьэлІауэ и пэ ильэсхэм къащта унафэхэр щыпІэм гъэзэщІа зэрыщыхъур, щІалэгъуалэр лэжьыгъэ ІэнатІэкІэ къызэрызэгъэпэща щІыкІэр, нэгъуэщІ Іуэхугъуэхэри. Абыхэм ятеуху докладэр зэхуэсым щащІащ щынальэм хиубыдэ къуажэхэм я administрацэхэм я Іэтащхьэхэм.

ДЫГУЛЫБГЪУ Маринэ.

КІэлъыплъынытъэ ткІийм щІэтщ

● ЗэІущІэхэр

Бахъсэн щІыпІэ администрацэм и нэІэм щІэту лажьэ, терроризмэм пэщІэтынымкІэ комиссэм и зэІущІэ зэхэтащ.

ЩІЭНЫГЪЭХЭМ я махуэм ирихьэлІэу районым щекІуэкІащ. ЩІыпІэ администрацэм и Іэтащхьэ Балъкъыз Артур иригъэкІуэкІа зэхуэсым кърихьэлІащ Бахъсэн районым и прокурорым и къалэнхэр зыгъэзащІэ Тхьэгъэпсо Мурат, УФ-м и УФСБ-м КъБР-м и Бахъсэн къалэм щиІэ къудамэм и унафэщІым и къуэдзэ Гъут Аслъэнбэч, КъБР-м и Дзэ комиссариатым Бахъсэн къалэм, Бахъсэн, Дзэлыкъуэ щІыналъэхэм щиІэ къудамэм и унафэщІ Сосналы Мухьэмэд, Бахъсэн районым администрацэм хабзэхьэмэ Іэнатіэхэм ядэлэжьэныжьмкІэ и управленэм и унафэщІ Тохъутэмыщ Мухьэмэд сымэ, комиссэм хэтхэр, щІыналъэм хэхьэ жылэхэм я унафэщІхэр.

Зэхуэсым кърихьэлІахэр нэхъыбэу зытепсэлъыхьар гъэ еджапІэм ирихьэлІэ ЩІэныгъэхэм я махуэм жылагъуэм щынагъуэншагъэ тКІийуэ къыщыззгъэпэщыным ехьэлІат. Гулъытэ хэха хуащІащ щытыкІэ къызэрымыкІуэ къэхъуэмэ, кІэлъыплъныныгъэр зи пщэрылъ дэтхэнэми игъэззащІапхъэ Іуэхугъуэхэр къызэхуэтыншэу зэфІэхьыным. Къинэмыщ1ауэ, зэхуэсым къыщыпщытэжащ жылагъуэм щынагъуэншагъэ щыщыІэным ехьэлІауэ и пэ ильэсхэм къащта унафэхэр щыпІэм гъэзэщІа зэрыщыхъур, щІалэгъуалэр лэжьыгъэ ІэнатІэкІэ къызэрызэгъэпэща щІыкІэр, нэгъуэщІ Іуэхугъуэхэри. Абыхэм ятеуху докладэр зэхуэсым щащІащ щынальэм хиубыдэ къуажэхэм я administрацэхэм я Іэтащхьэхэм.

ДЫГУЛЫБГЪУ Маринэ.

ПОЧТА РОССИИ

ПщІэ зыхуэтщІ ди щІэджыкІакІуэхэ!

2018 гъэм и етІуанэ илъэс ныкъуэм къыфІэрыхьэну газетхэм, журналхэм я Іэ тедзэгъуэр ихуащ, ауэ дызыхуэкІуэ фокІадэ мазэм къыщыщІэдзауэ «Адыгэ псалъэм» къытехуэ тхыгъэхэм фыкъеджэну фыхуейм, апхуэдэ Іэмал фиІэщ. ДызыхуэкІуэ мазэм и 28 пщІондэ пощтхэм Іэ щытевдзэмэ, ди газетыр ныфхуахьынущ жэпуэгъуэм и 1-м къыщыщІэдзауэ.

Мазищым газетым и уасэр сом 282-рэ кІэпІейкІэ 24-рэщ.

Ди индексыр 51531

Унафэхэр зэпэлъытауэ, цІыхухэм я сэбэп зыхэлъхэм ятецІыхьауэ щытын хуейщ

(КІэухыр. ПэщІэдзэр 1- нап.).

Ауэ дэ дощІэ, апхуэдэурэ едгъэкІуэкІмэ, пенсэм хигъэхъуэн папщІэ къералым Іэмал щымыгъуэтыжьын зэманыр кьызэрысынур. ИужькІэ езы пенсэхэри и чэзум яхуэмытыжу хуэежэнкІэ хъунущ, 90 гъэхэм зэрыщытам хуэдизу.

Феплъыт, 2005 гъэм лэжьапІэ Іут цІыхуу пенсэ фондым взносхэр зэкІэлъыкІуэу къыщыІэрыхьэу щытахэр 1.7-рэ, жьыгъэкІэ пенсэ зратхэр 1 хъуурэ щытащ. 2019 гъэм зы лэжьакІуэ къэс пенсионеру тІу хуэзэу щытынущ, Абы къыхэкІыу иджыпсту зыхуэфащэ псори дымыІэжьымэ, пенсэ Іэнатіэм и хэхъуэхэр кІэрымыхуу къыгъэтІысэнэкъым, апхуэдэу щыщыткІэ, апр хэкІыпІэкъым.

Щыидагъэ, гъэ компаниехэм, гъэсныпхъэ-энергетикэ комплексым налог лей телъхьэнри кьыхалъхьэ. ЗанщІэу ныжеежІэнщи, апхуэдэ щыкІэкІэ тхуэзхуэхъэсыну ахъшэри пенсэхэр нэхъыбэ дыдэу мазитІ хуэдизкІэ тыным хурикъну аращ. АтІэми къэралым пенсэмкІэ и системэр щытыкІэ дзыхьщыгъуэджэм иувэнущ, углеводородхэм дунейпсо рынокым щаІэ уасэм зэрызихъужьым елъыта хъунурэ.

АтІэ щыидагъэмрэ газымрэ кьыхтуахь хэхъуэхэм я хьэкъкІэ кьызэрагъэпэщ гъэтІылъыгъэ фондхэм я мылъкур нэхъ тэмэму кьызэрагъэсэбэпыну пІэрэ? Ар зы зэман гуэркІэ кьезэгъынущ. Ауэ, зэрыжысІащи, куэдрэ кьызэрыхъум хуэдэу, а товархэм я уасэхэр пщэдей ехуэхмэ-щэ? ГъэтІылъыгъэхэр зэман кІэщІым, мазэ зыбжанэм кьриубыдэу иухынущ. ЦІыхухэм я гъашІэр, абыхэм я пенсэхэр, хэхъуэхэр щыдгъэм и уасэу махуэ хэс зызыхъужьым елъытауэ уб зыхъужьу кьеззэгъыркъым.

Пенсэ фондым хуаутІыпщ ахъшэм адэкІи хэдгъахъуэмэ хъунущ пІэрэ? Абы хущыщІэ ахъшэр федеральнэ бюджетым и мылъкукІэ иридгъэкъуфыну? ЗэрыжысІащи, абы папщІэ зэкІэ иджыри тхэрикъун мылъку щыІэщ. ИпэжьипІэкІэ ахъшэ щыІэщ. Ауэ феплъыт Іуэхур кьызэрекІуэкІым.

Дыздырэт илъэсым и мурадхэм папщІэ бюджетым сом триллиони 3,3-рэ кьуитІыпщащ, абы щыщу сом триллион 1,8-рэ страховой пенсэхэр тынным трагъэкІуэдэнущ. Зыхуэдгъэувыжа кьалэныр дгъэзащІэу пенсэр ику иту сом мин 20-м нэдгъсэрэ, зыри зэдмыхуэкІыу едгъэкІуэкІмэ, Пенсэ фондым хуримыкъур хуэдэ 1,5-кІэ нэхъыбэ хъунущ икІи сом триллиони 5-м нэсынущ. Ар нэхъыбащ лъэпкъ зыхъужьжьынгъэмрэ къэралым и шынагъуэншагъэр кьызэгъэпэщынымрэ трагъэкІуадэ ахъшэ псоми нэхърэ.

Апхуэдэ гъуэгур кьыхэтхмэ, дэ гувами-щІэхами финанс Іэнатіэр зэтеткъутэнущ, щыхуэм дыщиІэнэнкІэ икІи мылъкукІэ кьызэмыгъэпэща ахъшэ теддзэу дыхуежьэнущ. Абы къыкІэуынур гурыІуэгъуэ: ахъшэм и уасэр хуабжьу ехуэхьнущ, тхьэмыщкІэхэм я бжыгъэм хэхъэнущ. Мылъкур зэрытхуримыкъум кьыхэкІыу къэралым и шынагъуэншагъэр нэгъэсауэ кьытхуэзгъэпэщынукъым. Нэхъыщхьэ дыдэу щыт кьалэнхэр: егъэджэнгъэмрэ узынщагъэр хуэмынымрэ зегъэужьынщи, сабий зиІэ унагъуэхэм ядэІэпыкъуныр, гъэуэгуэкъэ инфраструктурэмрэ ухуэнымрэ, псэукІэм и фІагъыр кьэІэтынымр кьытхуэзгъэпэщынукъым. Дэ экономикэ, технологие зыужьыныгъэм и лъэныкъэкІэ адрей къэралхэм Іэмал имыІэу дакъыкІэрыхунущ.

Абы кьыхэкІыу иджыпсту зыри дымыІэжьмэ е мыхьэнэшхуэ зимыІэ Іуэхухэр щІэгъэкъуэн кьэтхьэщІыну дыхуежьэмэ, ар хъэрлмри си сабийхэми ихуэгъэзауэ тэмэмкъым.

Кьытезгъэзэжынщи, пенсэмкІэ системэм зэхъуэкІыныгъэхэр хэлъхьэнымрэ теухуауэ кьагъэлъагъэхэм сэ и лэпсэ куэдкІэ хуабжьу сакъыу, дзыхь сымыщІу сыбгъэдыхьащ. Уеблэмэ языныкъуэхэм деж апхуэдэ мурадхэр ткІийуэ кьыхэзгъэщынут. Ауэ демогрофиде зыужьынымрэ лэжьапІэ Іэнатіэмрэ ехьэлІауэ зэтеувэу хуежьа щытыкІэм кьегъэлъагъуэ адэкІэ пщытащ диагностическэ картэхэр, тахографхэр тэмэму лажьэмэ.

Шоферхэм школакІуэхэр кьешэжьнымкІэ хуит зыщІ тхьилъхэр иратри, автоинспекцэм и лыкІуэхэм абыхэм хуагуэшащ ящІапхъэхэр зэрыт буклетхэр.

Гулъытэ

Сабийхэр дзыхь яхуэпщІ хъуну?

Гъэ еджэгъуэщІэм ирихьэлІэу къапщытащ Бахъсэн районым и къуажэхэм я школакІуэхэр еджапІэм зэрашэ автобусхэм я щытыкІэр зыхуэдэр. Апхуэдэ автобусу 14 щыІэщ Бахъсэн районым. Федеральнэ программэм ипкъ иткІэ, 2016, 2017 гъэхэм абыхэм ящыщу 4-р щІэкІэ яхъужащ.

АВТОБУСХЭМ я щытыкІэр къапщытащ КъБР-м и Къэрал автоинспекцэмрэ Урысей МВД-м и «Бахъсэн» къудамэм и ОГИБДД-мрэ я лэжьакІуэхэм. А Іуэхум хэтащ Бахъсэн муниципальнэ районым и щІыпІэ администрацэм и Іэтащхьэм и яп къуэдзэм и къалэнхэр зыгъэзащІэ Къэзан Заурэ районым ЕгъэджэныгъэмкІэ и управленэм и унафэщІ Абрэдж Тамарэрэ, школым я унафэщІэмрэ автобусхэм дэс шофёрхэмрэ.

Автобусхэр щызэпаплъыхьым гулъытэ нэхъ зыхуащІам ящыщ сабийхэм я щынагъуэншагъэмкІэ мыхьэнэшхуэ зиІэ бгырыпхэр зыхуэдэр. Инспекторхэм къапщытащ Пенсэ фондым унэу иІэр, абыхэм щыналъэ къудамэхэм я унэхэри хэту, ящэну. Пэжщ, мы Іэнатіэм лэжьапІэ унэхэр щыныкІэ иригъэлеящ, абыкІэ сэри сыакъылэгъущ. Щыхуэхэр абы иризгуоп. Сэ абыхэм срательхъэщ. КьызэрабжамкІэ, а хуэунытыгъэ псоми сом меларди 120-рэ и уасэщ. Ауэ а псори тщІрэ кьыщІэкІар хэттьхьэмэ, пенсэхэр махуэх хуэдизкІэ тхуэтыну аращ. Апхуэдэу щыщыткІэ, апр хэкІыпІэкъым.

Щыидагъэ, гъэ компаниехэм, гъэсныпхъэ-энергетикэ комплексым налог лей тельхьэнри кьыхалъхьэ. ЗанщІэу ныжеежІэнщи, апхуэдэ щыкІэкІэ тхуэзхуэхъэсыну ахъшэри пенсэхэр нэхъыбэ дыдэу мазитІ хуэдизкІэ тыным хурикъну аращ. АтІэми къэралым пенсэмкІэ и системэр щытыкІэ дзыхьщыгъуэджэм иувэнущ, углеводородхэм дунейпсо рынокым щаІэ уасэм зэрызихъужьым елъыта хъунурэ.

АтІэ щыидагъэмрэ газымрэ кьыхтуахь хэхъуэхэм я хьэкъкІэ кьызэрагъэпэщ гъэтІылъыгъэ фондхэм я мылъкур нэхъ тэмэму кьызэрагъэсэбэпыну пІэрэ? Ар зы зэман гуэркІэ кьезэгъынущ. Ауэ, зэрыжысІащи, куэдрэ кьызэрыхъум хуэдэу, а товархэм я уасэхэр пщэдей ехуэхмэ-щэ? ГъэтІылъыгъэхэр зэман кІэщІым, мазэ зыбжанэм кьриубыдэу иухынущ. ЦІыхухэм я гъашІэр, абыхэм я пенсэхэр, хэхъуэхэр щыдгъэм и уасэу махуэ хэс зызыхъужьым елъытауэ уб зыхъужьу кьеззэгъыркъым.

Пенсэ фондым хуаутІыпщ ахъшэм адэкІи хэдгъахъуэмэ хъунущ пІэрэ? Абы хущыщІэ ахъшэр федеральнэ бюджетым и мылъкукІэ иридгъэкъуфыну? ЗэрыжысІащи, абы папщІэ зэкІэ иджыри тхэрикъун мылъку щыІэщ. ИпэжьипІэкІэ ахъшэ щыІэщ. Ауэ феплъыт Іуэхур кьызэрекІуэкІым.

Дыздырэт илъэсым и мурадхэм папщІэ бюджетым сом триллиони 3,3-рэ кьуитІыпщащ, абы щыщу сом триллион 1,8-рэ страховой пенсэхэр тынным трагъэкІуэдэнущ. Зыхуэдгъэувыжа кьалэныр дгъэзащІэу пенсэр ику иту сом мин 20-м нэдгъсэрэ, зыри зэдмыхуэкІыу едгъэкІуэкІмэ, Пенсэ фондым хуримыкъур хуэдэ 1,5-кІэ нэхъыбэ хъунущ икІи сом триллиони 5-м нэсынущ. Ар нэхъыбащ лъэпкъ зыхъужьжьынгъэмрэ къэралым и шынагъуэншагъэр кьызэгъэпэщынымрэ трагъэкІуадэ ахъшэ псоми нэхърэ.

Апхуэдэ гъуэгур кьыхэтхмэ, дэ гувами-щІэхами финанс Іэнатіэр зэтеткъутэнущ, щыхуэм дыщиІэнэнкІэ икІи мылъкукІэ кьызэмыгъэпэща ахъшэ теддзэу дыхуежьэнущ. Абы къыкІэуынур гурыІуэгъуэ: ахъшэм и уасэр хуабжьу ехуэхьнущ, тхьэмыщкІэхэм я бжыгъэм хэхъэнущ. Мылъкур зэрытхуримыкъум кьыхэкІыу къэралым и шынагъуэншагъэр нэгъэсауэ кьытхуэзгъэпэщынукъым. Нэхъыщхьэ дыдэу щыт кьалэнхэр: егъэджэнгъэмрэ узынщагъэр хуэмынымрэ зегъэужьынщи, сабий зиІэ унагъуэхэм ядэІэпыкъуныр, гъэуэгуэкъэ инфраструктурэмрэ ухуэнымрэ, псэукІэм и фІагъыр кьэІэтынымр кьытхуэзгъэпэщынукъым. Дэ экономикэ, технологие зыужьыныгъэм и лъэныкъэкІэ адрей къэралхэм Іэмал имыІэу дакъыкІэрыхунущ.

Абы кьыхэкІыу иджыпсту зыри дымыІэжьмэ е мыхьэнэшхуэ зимыІэ Іуэхухэр щІэгъэкъуэн кьэтхьэщІыну дыхуежьэмэ, ар кьэралми си сабийхэми ихуэгъэзауэ тэмэмкъым.

Кьытезгъэзэжынщи, пенсэмкІэ системэм зэхъуэкІыныгъэхэр хэлъхьэнымрэ теухуауэ кьагъэлъагъэхэм сэ и лэпсэ куэдкІэ хуабжьу сакъыу, дзыхь сымыщІу сыбгъэдыхьащ. Уеблэмэ языныкъуэхэм деж апхуэдэ мурадхэр ткІийуэ кьызэзгъэпэщынут. Ауэ демогрофиде зыужьынымрэ лэжьапІэ Іэнатіэмрэ ехьэлІауэ зэтеувэу хуежьа щытыкІэм кьегъэлъагъуэ адэкІэ зыри дымыІэжьмэ едгъэкІуэкІ зэрымыхъунур. Ауэ дэ кьатщтэ унафэхэр захуэу, зэпэлъытауэ, цІыхухэм я сэбэп зыхэлъхэм ятецІыхьауэ щытыпхъэщ.

Абы кьыхэкІыу апхуэдэ унафэхэм япыщІа гуэрыгуэкъэр Іэмал зэрилэжІэ зыгъэмэщІэну Іуэху зыбжанэ кьыхъэлъхьэ.

Ялэр. Законым и проектым кьыщыгъэуващ цІыхубзхэр пенсэм щыкІуэну ныбжьыр илъэси 8-кІэ нэхъыбэ ящІу илъэс 63-м нагъэсыну, ауэ цІыхухъухэм папщІэ а ныбжьым илъэситху щІагъуэ аращ. Апхуэдэу хъунукъым. Ар тэмэмкъым. Ди къэралым цІыхубзхэм бзэхэм хэхауэ щахуосакъ. Дэ кьыдгуроІуэ ахэр лэжьапІэ Іэнатіэм зэрыпэрытым кьыдэкІуэу, зэрыхэбэщи, унэри, унагъуэри зэрыдзэрахьэр, сабийхэр зэрапІыр, кьуэрыпІуэ-пхъурыпхъухэм зэреІалІэр.

ЦІыхубзхэр пенсэ щыкІуэну зэманыр цІыхухъухэм ейм нэхърэ нэхъыбжьІэ гъэпэхъуэн хуейкъым. Абы кьыхэкІыу законым и проектым цІыхубзхэм папщІэ кьыщыгъэлъэгъуа илъэси 8-р илъэси 5-м нэсу гъэмащІапхъэу кьыдэлъытэ.

АдэкІэ. Дэ дегупсысын хуейщ сабий хуэдэ зиІэ анэхэр и пІалъэр кьызысу пенсэм кІуэну хуитыныгъэ яІэнми. НэгъуэщІу жьипІэмэ, цІыхубзым сабиищ иІэмэ, ар пенсэ кІуэ хъунущ илъэсищкІэ нэхъ пасэу. Бынилгі иІэ - илъэсиплкІэ нэхъ пасэу. Сабиитху е нэхъыбэ зиІэхэр пенсэ зэрагъэкІуэр иджыпсту зытет хабзэм кьытеоихьэнхъащ - илъэс 50-м пенсэ кІуэфынущ ахэр.

ЕтІуанэу. ЗэрыжьитІащи, пенсэм щыкІуэ ныбжьым мащІэ-мащІэу рэщ зэрыхагъэхъуэну я мурадыр. ГъащІэм кьахуигъэув щытыкІэщІэхэм есэжьин, езыхэм яІа мурадхэри абыхэм трауухуэжьн хуэдэу. Ауэ фІыуэ кьызгуроІуэ пенсэм щагъакІуэ ныбжьыр зэрыдгъэкІуэтым кьыдэкІуэну гугъуехьэр япэу зыхэзыщІэнур зи пенсэ кІуэгъэур кьэсахэр зэрыарар. Абы гъэнгъуэ дыдэ хуэхъуахэрщ. ИкІи ар дэ кьэтІытыгъэн хуейщ.

Абы ипкъ иткІэ кьыхьэлъхьэ щыІа хабзэжьыкІэ илъэситІ гъынэгъуэм кьриубыдэу пенсэм кІуэн хуеяхэм худэчыныгъэ хэха хуащІыну - цІыхухэм пенсэр зэрыкуэгъэвыну хабзэщІэм кьызэригъэувыну нэхърэ мазикІэ нэхъ пасэу апхуэдэхэр пенсэм ягъэкІуэну. Псалъэм папщІэ, пенсэ щагъакІуэ ныбжьым зэрыщІагъэм ипкъ иткІэ 2020 гъэм и щІышылэм пенсэм кІуэн хуейуэ арамэ, апхуэдэ лэжьакІуэм Іэмал иІэнущ 2019 гъэм и бадзэуэгъуэм кьыщыщІэдзаэу пенсэм кІуэну. Кьытызогъэзэжри, мазикІэ нэхъ пасэу.

Ещанэу. Сыт зыгъэпІейтейр, уеблэмэ зыгъэшынэр пенсэ ныбжьым нэсахэр? Ахэр мэгузаез я лэжьапІэр яфІэкІуэдынкІэ. Пенси улахуи ямыІэу кьызэрыпэнкІэ хэхъуным ергъэпІейтей. Пэжщ, илъэс 50-м ущІигъуа нэужь лэжьапІэ кьэзбгъэтыну гугъущ.

Абы кьыхэкІыу, дэ дегупсысын хуейщ зи ныбжьыр кІуэтахэм Іэнатіэ ягъэуэтынымкІэ щэсыпІэкэр кьахуэзгъэпэщыным. Аращи, мы Іуэхум пщыІэ зэблэкІыгъуэ лъэхъэнэм пенсэ кІуэгъуэм и пэ кьихуэ ныбжьу кьэлъытапхъэр цІыхур пенсэ кІуэным илъэситху щиІэж пІалъэрауэ гъэувыпхъэу кьыхьэзылъхьэ. Кьытызогъэзэж, мыбдеж зэфІэгъэкІын хуей Іуэху куэдыкІей кьыщыкІуокІ. Апхуэдэу, цІыхухэм лэжьапІэ езытхэм пенсэ кІуэгъуэ ящІу цІыхубзым лэжьигъэ стажу илъэс 40, цІыхухъум илъэс 45-рэ иІэмэ. Нэхъ пасэу пенсэ кІуэну цІыхум Іэмал кьезыт стажри илъэсищкІэ ягъэмэщІэну кьыхьэзылъхьэ. ЦІыхубзхэр абы папщІэ илъэс 37-кІэ, цІыхухъухэр илъэс 42-кІэ лэжьауэ щытын хуейуэ аращ.

Етанэу. 2018 гъэм дыгъэгъазэм и 31 пщІондэ цІыхухэм яІа федеральнэ худэчыныгъэ псори Іэмал имыІэу хъумэн хуейуэ кьызэлъытэ, пенсэ Іэнатіэм щекІуэкІ зэхъуэкІыныгъэхэр и пІэ изэгъэхуэкІэ. Зи гугъу ещІыр ямыгъэІэпхъуэ мылъкымрэ щІымрэ ятехуэ налогхэм щыхэкІэ ягъэува льготэхэрщ.

Пэжщ, апхуэдэ худэчыныгъэхэр цІыхум щыхуащІуэ щытар ар пенсэ кІуэ нэужьщ. Ауэ иджы щыІэ хъуа щытыкІэм ипкъ иткІэ, пенсэ Іэнатіэм зэхъуэкІыныгъэхэр щыщекІуэкІыну зэманыр, цІыхухэр зыщыгугъуа льготэхэр яхуэтщІыну ди къалэнщ дэ икІи пенсэ кІуэ нэужькІэкъым апхуэдэ щІыкІэкІэ защыщІэдгъэкъуэн хуейр, атІэ ныбжь хэхам нэсахэм яхуэдгъэувыну зэтедухуахъэщ. НэгъуэщІу жьипІэмэ, а льготэхэр кьагъэсэбэп хъунущ цІыхубзхэр илъэс 55-рэ, цІыхухъуэр илъэс 60 хъуа нэужькІэ. Апхуэдэ щІыкІэкІэ, пенсэ мыкІуэ щыкІи абыхэм ятынукъым я унэм, фэтэрым, уней хадэм папщІэ кьатехуэ налогыр.

Сыщыгъуазэщ «Урысей зэкъуэт» партым щынальэхэм щиІэ хабзэуфэныз зэхуэсхэм я лІыкІуэхэми Федерацэм хыхьэ субъектхэм я унафэщІхэми жэрдэм кьыхалъхьауэ зэрыщытар щынальэхэм щыІэ льготэхэри цІыхухэм кьахуэгъэнэжынымрэ теухуауэ. Ар щыхуэхэм я дежкІэ мыхьэнэшхуэ зиІэ Іуэхущ. Псалъэм папщІэ, жылагъуэ транспортымкІэ пщІэнэшу зекІуэнырэ, ЖКХ-мкІэ яІэ худэчыныгъэхэрэ, унэхэр зэрэпэщыжьынымрэ газыр щІэшэнымрэ яхуэгъэзахэр, хущхъуэ кьащэхуныкмкІэ, нэгъуэщІхэмкІи ягъуэт дзІэпыкъыныгъэхэр. Щэч хэмылъу, апхуэдэ Іуэху бгъэдыкьажІэр ядыдэІыгъ. ИкІи сыщогугъ цІыхухэр пенсэкІэ кьызэгъэпэщынымрэ теухуа законыщІэм къару игъэтынымрэ и пэ кьихуэу зыхуэфащэ апхуэдэ унафэхэр щІыналъэхэм кьыщащтэну.

Ныбжьэгъу лъапІэхэ.

ДызэрыщІыгъуаззэщи, Іэщ Іагъэлі куэдым ноби кьалъытэ зи гугъу тщІы Іуэхухэм унафэ ятещІыкІыныр икъуэкІэ хэдгъэтІэсауэ. Сэ апхуэдэу кьыщыщъуркъым. Дэ абыхэм нэхъапэм дахуэмыкъэзыпу щытауэ аркъудейщ. Ауэ ахэр адэкІэ бгъэІэпхъуэнкІэ Іэмал зимыІэщ. Ар жэуапльныгъэншагъэу кьыщІидзынут икІи абы дыхуинэнкІэ хъунущ ди экономикэмэ социальнэ Іэнатіэми пхуэмыгъэзкІуэжьын щыуагъэхэр щытІэщІэкІынымк, щыху мелуан куэдым я ящІыгъэ екІэкІуэным, сыту жыпІэмэ иджыпсту нэрылъагъущ къэралым гува-щІэхами а зэхъуэкІыныгъэхэр иригъэкІуэкІын зэрыхуэр. Ауэ нэхъ дгъэгувэхукІэ, а унафэр нэхъ ткІий хъуурэ кІуэну аращ. Нобэ къэдгъэсэбэпым хуэдэ зэблэкІыгъуэ лъэхъэнэ лъэпкъи, льготэ куэд къыхуэнэжхэри, а хьэлъэр ятедмыгъэщІэн щхьэкІэ дыдэхуэкІуэ Іэмалхэри хэмыту щытыну аращ, дгъэІэпэхъуэмэ.

Иджыпсту а Іуэхум дытегушхуэу зэфІэдмыхмэ, илъэс бжыгъэ дэкІмэ, шынагъуэ къащъэщыхьэнкІэ хъунущ жылагъуэм щыщыІэ зэпІэзэрытыныгъэм - апхуэдэу щыщыткІэ, къэралым и шынагъуэншагъэри къэтІэсхъэным дыхуинэнкІэ зэрыхуэр. Ауэ хэхъ дгъэгувэхукІэ, а унафэр нэхъ ткІий хъуурэ кІуэну аращ. Нобэ къэдгъэсэбэпым хуэдэ зэблэкІыгъуэ лъэхъэнэ лъэпкъи, льготэ куэд къыхуэнэжхэри, а хьэлъэр ятедмыгъэщІэн щхьэкІэ дыдэхуэкІуэ Іэмалхэри хэмыту щытыну аращ, дгъэІэпэхъуэмэ.

Иджыпсту а Іуэхум дытегушхуэу зэфІэдмыхмэ, илъэс бжыгъэ дэкІмэ, шынагъуэ къащъэщыхьэнкІэ хъунущ жылагъуэм щыщыІэ зэпІэзэрытыныгъэм - апхуэдэу щыщыткІэ, къэралым и шынагъуэншагъэри къэтІэсхъэным дыхуинэнкІэ зэрыхуэр. Ауэ хэхъ дгъэгувэхукІэ, а унафэр нэхъ ткІий хъуурэ кІуэну аращ. Нобэ къэдгъэсэбэпым хуэдэ зэблэкІыгъуэ лъэхъэнэ лъэпкъи, льготэ куэд къыхуэнэжхэри, а хьэлъэр ятедмыгъэщІэн щхьэкІэ дыдэхуэкІуэ Іэмалхэри хэмыту щытыну аращ, дгъэІэпэхъуэмэ.

Нобэ къыхэслъхьа жэрдэмхэр законопроектым хэслъхьэ зэхъуэкІыныгъэщи, икІэщІыпІэкІэ Къэрал Думэм дгъэзэжынущ.

Ныбжьэгъу лъапІэхэ.

Сэ зыри щІэзэмыуфэу, зэпкърыхауэ икІи щхьэтечу нывжеСІащ нобэ щыІэ щытыкІэр зыхуэдэр, апхуэдэуи ди къэралым и пенсэ Іэнатіэ ежьащ зиужьыныр хуэхъэнатІа жэрдэмхэр кьэзгъэнэІуащ. Иджыри зэ кьыхэзгъэщынщи, дэ кьыптэщытщ а Іуэхум Іэмал имыІэу ящІыгъэ, ар гугъущ, ауэ икъукІэ зи чэзущ.

СыныволъэІу ар фэри зэхэфщыкІыну.

Мы махуэхэм

Шыщхьэуіум и 30, *махуэку*

♦Залымыгъэ кІэлъыІэрахьэу ягъэкІуэдахэм я фэеплъ махуэщ

♦Тэтэрстан Республикэм и махуэщ. 1990 гъэм Тэтэрстан Республикэм и къэрал суверенитетым теухуа декларацэр кьащтащ.

♦Къэзахъстан Республикэм и Конституцэм и махуэщ

♦1703 гъэм Петербург и тхыдэм щыяпэу абы псыдзэ щІэуащ.

♦1730 гъэм Черкасский Алексей пщым Невский Александр и орденыр къратащ.

♦1928 гъэм Неру Джавахарлал къигъэуващ Индиер Инджылызым и бжьым къыщІэкІыу къэрал щхьэхуит хъун хуейуэ. А махуэми Индием и щхьэхуитыныгъэм щІэбэныну лигэр къызэрагъэпэщащ ещанэ. Ауэ Индиием и къэралыгъуэ щигъэтар абы и уэжькІэ илъэс тІощІым нэблагъэ дэкІауэщ - 1947 гъэрщ.

♦1918 гъэм Каплан Фанни Ленин (Ульянов) Владимир икуІыну хэтащ.

♦1943 гъэм советыдзэхэм Таганрог къалэр нэмыцэ-фашист зэрыпхъуакІуэхэм кьыІэщІагъэкІыжащ. Абыкіэ зэфІэкІащ Ростов областыр хуит кьащІыжьныр.

♦1944 гъэм советыдзэхэр нэмыцэхэм яІыгъа Бухарест дыхьащ.

♦1963 гъэм Кремлымрэ (СССР) Унэ Хужьымрэ (США) занщІэу кІуэ телефон связкІэ зэпащІащ. Зым адрейм гурыщхъуэ хуищІу, зэрымыщІэкІэ а къэралхэм ядэрнэ зэрыгъэпэщынымкІэ къару игъэтынымрэ и пэ кьихуэу зыхуэфащэ апхуэдэ унафэхэр щІыналъэхэм кьыщащтэну.

Ныбжьэгъу лъапІэхэ.

ДызэрыщІыгъуаззэщи, Іэщ Іагъэлі куэдым ноби кьалъытэ зи гугъу тщІы Іуэхухэм унафэ ятещІыкІыныр икъуэкІэ хэдгъэтІэсауэ. Сэ апхуэдэу кьыщыщъуркъым. Дэ абыхэм нэхъапэм дахуэмыкъэзыпу щытауэ аркъудейщ. Ауэ ахэр адэкІэ бгъэІэпхъуэнкІэ Іэмал зимыІэщ. Ар жэуапльныгъэншагъэу кьыщІидзынут икІи абы дыхуинэнкІэ хъунущ ди экономикэмэ социальнэ Іэнатіэми пхуэмыгъэзкІуэжьын щыуагъэхэр щытІэщІэкІынымк, щыху мелуан куэдым я ящІыгъэ екІэкІуэным, сыту жыпІэмэ иджыпсту нэрылъагъущ къэралым гува-щІэхами а зэхъуэкІыныгъэхэр иригъэкІуэкІын зэрыхуэр. Ауэ нэхъ дгъэгувэхукІэ, а унафэр нэхъ ткІий хъуурэ кІуэну аращ. Нобэ къэдгъэсэбэпым хуэдэ зэблэкІыгъуэ лъэхъэнэ лъэпкъи, льготэ куэд къыхуэнэжхэри, а хьэлъэр ятедмыгъэщІэн щхьэкІэ дыдэхуэкІуэ Іэмалхэри хэмыту щытыну аращ, дгъэІэпэхъуэмэ.

Шыщхьэуіум и 31, *мэрем*

♦Къыргызстаным и щхьэхуитыныгъэм и махуэщ. 1991 гъэм абы теухуа унафэ къыщІащ Къыргызы Республикэм и Совет Нэхъыщхьэм.

♦Молдовэм щагъэлъапІэ я анэдэлъхубзэм и махуэр. 1989 гъэм молдаванхэм я бзэр латин тхыкІэм техьащ икІи ар къэралыбзэу а щІыналъэм щагъэуващ.

♦Польшэм щагъэлъапІэ Зэкъуэтыныгъэмрэ я Куитныгъэмрэ я Махуэр

♦Уэбекистаным щыщу политикэ залымыгъэ кІэлъыІэрахьэу ягъэкІуэдахэм я фэеплъ махуэщ

♦1492 гъэм Москва пщыгъуэмрэ Уэсмэн империемрэ япэ дыдэу зэращІилащ мамырыгъэ зэгурыІуэныгъэр.

♦1892 гъэм Урысей хьэрычэтыщІэ **Третьяков Павел** Москва кьалэм иритыну ищІащ ильэс куэдкІэ зэхуихьэса художественнэ галереер.

♦1907 гъэм Инджылызым, Франдзым, Урысейм кьызэрагъэпэщащ дзэ-политикэ зэгучъхьэныгъэр - Антантэр. Германием, Австро-Венгриием, Италием я апхуэдэ зэгучъхьэныгъэ 1879 - 1882 гъэхэм зэфІэувам иригъэкІуэкІ политикэм пэщІэтын мурадырт абы и кьалэн нэхъыщхьэр.

♦1914 гъэм Урысейм и пащтыхь Николай ЕтІуанэм и унафэкІэ Санкт-Петербург и цІэр Петроградэ зэрахъуэкІащ.

♦1925 гъэм СССР-м унафэ кьыщыдэкІащ цІыху псоми Іэмал имыІэу пэщІэдзэ щІэныгъэ егъэгъуэтыным теухуауэ.

♦1935 гъэм Донбасс щыщ шахтёр Стаханов Алексей и Іэнатіэм рекорд щигъэуващ - фламышІу махуэм кьыщІихьи хуеям хуэдэ 14-кІэ щІригъэгъуащ. Адрейхэми абы щапхъэ трахащ икІи ар «Стахановым зэхифубла зэщІэхъееныгъэм» и лъабжьэ хъури, къэралпсо зэхьэзэхуэм зиубгъуауэ щытащ.

♦1971 гъэм Къэбэрдей-Балъкъэрым Октябрь Революцэ орденыр къратащ.

♦1966 гъэм нэхъапэм дунейм апхуэдэ кьыщымыхъуауэ, компьютерхэр шахматэ зэдзэгъэжгъымкІэ зэпеуэ Нью-Йорк щекІуэкІащ.

♦1974 гъэм Алыджым унафэ кьиущащ НАТО-м кьыхэкІыжьыным теухуауэ.

♦1990 гъэм Берлин Іэ щытрадзащ ГДР-р ФРГ-м зэрыгухьэм теухуа зэгурыІуныгъэм. Абы ипкъ иткІэ нэмыцэ лъэпкъыр зэрыубыдыжащ - зы хъужащ ильэс 40-м щигъэкІэ зэпэщхьэхуэу псэуа къэралитІыр.

♦1994 гъэм советыдзэхэр Германием къишыжьынымрэ пыщІа Іуэхухэр зэфІэкІащ.

♦1997 гъэм автомобилькІэ зэжьэхэуэм хэкІуэдащ Инджылызым и пащтыхьыкъуэм и щхьэгъусэ Диана.

♦Урыс тхакІуэ Радищев Александр кьызэралъхьурэ ильэс 269-рэ ирокъу.

♦Филологие щІэныгъэхэм я доктор, профессор, адыгэбзэр джыным хэлъхьэныгъэшхуэ хуэзыщІа **Турчанинов Георгий** кьызэралъхьурэ ильэси 116-рэ ирокъу.

♦АР-м щІыхь зиІэ и сурэтыщІ **Иуан Аслъэн** кьызэралъхьурэ ильэс 90 ирокъу.

♦Психологие щІэныгъэхэм я доктор, профессор, УФ-м щІэныгъэмкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ **КІытІэ Ахьмэд** кьызэралъхьурэ ильэс 90 ирокъу.

♦Дуней псом щыцІэрыІуэ америкэ актёр **Гир Ричард** и ныбжьыр ильэс 69-рэ ирокъу.

♦Урысей кинорежиссёр щІэрыІуэ, УФ-м и щыхьэ артист **Учитель Алексей** и ныбжьыр ильэс 67-рэ ирокъу.

Дунейм и щытыкІэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэриты мкІэ, Налшык пшэр техьэ-текІыу щыщытынущ, уэшх тІэкІу къыщешхынущ. Хуабэр махуэм градус 22 - 23-рэ, жэщым градус 15 - 16 щыхъунущ.

Зыгъэхьэзырар **ЖЬЭКІЭМЫХЪУ Маринэщ.**

Лъэпкъ Іущыгъэ:

Уэ бгъалІэри лІэркъым, уэ бгъатхъэри тхъэркъым.

Темыркъан Юрий и илъэс



Темыркъан Юрийрэ Къандур Мухьэдинрэ. *1999 гъэ*

Гъэ еджэгъуэщІэм ирихьэлІэу къапщытащ Бахъсэн районым и къуажэхэм я школакІуэхэр еджапІэм зэрашэ автобусхэм я щытыкІэр зыхуэдэр. Апхуэдэ автобусу 14 щыІэщ Бахъсэн районым. Федеральнэ программэм ипкъ иткІэ, 2016, 2017 гъэхэм абыхэм ящыщу 4-р щІэкІэ яхъужащ.

АВТОБУСХЭМ я щытыкІэр къапщытащ КъБР-м и Къэрал автоинспекцэмрэ Урысей МВД-м и «Бахъсэн» къудамэм и ОГИБДД-мрэ я лэжьакІуэхэм. А Іуэхум хэтащ Бахъсэн муниципальнэ районым и щІыпІэ администрацэм и Іэтащхьэм и яп къуэдзэм и къалэнхэр зыгъэзащІэ Къэзан Заурэ районым ЕгъэджэныгъэмкІэ и управленэм и унафэщІ Абрэдж Тамарэрэ, школым я унафэщІэмрэ автобусхэм дэс шофёрхэмрэ.

Автобусхэр щызэпаплъыхьым гулъытэ нэхъ зыхуащІам ящыщу сабийхэм я щынагъуэншагъэмкІэ мыхьэнэшхуэ зиІэ бгырыпхэр зыхуэдэр. Инспекторхэм къапщытащ диагностическэ картэхэр, тахографхэр тэмэму лажьэмэ.

Шоферхэм школакІуэхэр къешэжьнымкІэ хуит зыщІ тхьилъхэр иратри, автоинспекцэм и лыкІуэхэм абыхэм хуагуэшащ ящІапхъэхэр зэрыт буклетхэр.

Зэи ящыгъупщэрхъым

Урысей МВД-м Тэрч районымкІэ и къудамэм и хабзэхъужьмэхэм я нэІэ трагъэтщ къэрал кІуэцІ Іуэхуэмкіэ Іэнатіэхэм я лэжьакІуэхэу ныкъуэдыкъуэ хъуахэм я унагъуэхэм.

Еджэн щІэзыдзэжыну сабийхэм егуэпэн мурадкІэ, полицейскэмрэ хабзэхъумэхэм ядэлажьэ Жылагъуэ советым хэтхэмрэ щыІащ абыхэм я деж.

САБИЙХЭМ иратащ еджэныгъэм, школым кьыщагъэсэбэпыну хьэпшыпхэр, фІыуэ еджэну, кьапэщыт гъэ еджэг

Бзэр тІэщІэкІмэ, дылъэпкъым

● Абы дегъэпІейтей

Дунейпсо Адыгэ Хасэм зэхиубла щІэныгъэ зэхуэс Налшык щекІуэкІащ

Ди газетым зэрытетащи, иджыблагъэ Налшык щызэхэтащ адыгэбзэр хъумэным, зегъэужьыным ехьэлІа Іуэхугъуэхэр къызэщІэзыубыда щІэныгъэ конференц. Зэхуэсым кърихьэлІат КъБР-м, АР-м, КъШР-м я щІэныгъэрылажьэхэр, а хэгъэгухэм я Адыгэ Хасэхэм я лІыкІуэхэр, ди республикэм и щІыналъэхэм егъэджэныгъэмкІэ я управленэхэм я методистхэр, школхэм адыгэбзэмрэ литературэмрэ щезыгъэджу цІыху 240-м нэс.

КОНФЕРЕНЦЫМ и лэжьыгъэр зэрекІуэкІар адыгэбзэщ. КъызэгъэпэщакІуэхэм ябзыхуэ унэтІныныгъэхэм ящыщт: адыгэбзэмрэ литературэмрэ - иджыдей этнокультурэ егъэджэныгъэ лъахэм; адыгэ алфавитыр зы щІыжным егъэщІылІа Іуэхугъуэхэр; адыгэбзэр егъэджыным хэгъэзэщ зэреджэ электрон тхылъхэр, методикэ тхылъхэр; лъэпкъыбзэмкІэ егъэджакІуэ гъэхъэзэныныр къызэгъэпэща зэрыхъумрэ абы пыщІа Іуэхугъуэхэмрэ.

Дунейпсо Адыгэ Хасэр зэрылажьэ хабзэм кьигъэув Іуэхугъуэхэм языхэзщ анэдэлъхубзэр хъумэныр, зыуэ щыт адыгэ тхыбзэ зэгъэпэщыныр. Анэдэлъхубзэр хъумэнымкІэ къудамэм хэтхэм утыку кърахьа мы Іуэхугъуэхэм жэуап пыухыкІа гуэр ягъуэтыныи хуабжьу щогугъ. Конференцым и пэІущІэ зэхуэсым къыщыпсэлъахэм мы Іуэхугъуэм теухуа я гупсысэхэр къагъэлъэгъуащ, я Іуэху еплъыкІэхэмкІэ зэдэгугъащ.

ДАХ-м и тхьэмадэ **Сэхъурокъуэ Хьэутий** жиІащ иужьрей зэманым бзэм теухуауэ кьекІуэкІ псалъэмакъэм дэнэ щыпсэу адыгэри къызэрызэщІиІэтар, уеблэмэ абы нэхъ дызэрызэригъкьжар.

- Сыт хуэдэ лъэпкъ ирехъуи, и бзэр имыІэжмэ, ар дунейм темытыжу къэплъытэ хъунущ. Ди бзэр хъума хъун папщІэ ди щІэблэм ар яІуэрытлъхьэу дыкъекІуэкІын хуейуэ аращи, фІыщІэ яхуэсщІыну сыхуейщ махуэ къэс сабийхэм ядэлажьэ егъэджакІуэхэм. Къэралым сыт хуэдэ унафэ кьищтэми, къэрал къулыкъущІапІэхэм сыт япэ ирагъэщми, анэдэлъхубзэмкІэ егъэджакІуэр сыт щыгъуи зытелажьэр лъэпкъым къыщІэхъуэ щІэблэм и анэдэлъхубзэр игъэбзэрабзэу къэгъэхъунырщ. Ахэращ а бзэм и хъумакІуэ нэхъыщхьэу къэплъытэ хъунри, - жиІащ Сэхъурокъуэм.

Зыуэ щыт адыгэ тхыбзэ зэгъэпэщыным и телъхьэхэми, ар зимычэзууэ къэзылъытэхэми я Іуэху еплъыкІэхэмрэ ар къызыжкІа щхьэусыгъуэхэмрэ утыку къыщрахьащ зэхуэсым. Апхуэдэу, **ХьэфІыщІэ Мухьэмэд** къихигъащащ мызыгъуэгурКІэ анэдэлъхубзэм ехьэлІауэ «нэхъ дыщІэгугъвэн Іуэхугъуэ зэрыщыщІэр».

- Хамэ къэрал щыпсэу адыгэхэри хэкурысхэм нэхърэ мынэхъ мащІэу иригъэвзэу къытхуихъуэкІащ адыгэбзэр кІуэдыжьныкІэ шынагъуэ къэзыгъэхъуэ Іуэхугъуэ. Абы нэхъыбэу дегъэпІейтей, зыуэ щыт адыгэ тхыбзэр зэгъэпэщыным нэхърэ. Арами, жысІэркъым мы Іуэхум мыхьэнэ имыІэу. Гуэа-щІэхами абы дыкъэрыхуэкІунэр къызгуроІуэ, - жиІащ ХьэфІыщІэм. Щапхъэуи къигъэсэбэпащ «Адыгэ псалъэ» газетымрэ «Адыгэ макъымрэ» тхыгъэхэмкІэ зэдэгуашэурэ къытрадзэн щыщІадзагъащІэхэм щыгъуэ, къэбэрдей-шэрджэсыбзэкІэ тхауэ Адыгейм ирагъэхьэр адыгеибзэм ирамыгъэзагъэу, традзэн ямыдэу зэрыщытар. Иужьрей зэманым «Адыгэ псалъэм» кІэмыргуеибзэкІэ традзэ тхыгъэхэри, къэбэрдей-шэрджэсыбзэкІэ «Адыгэ макъым» щытрадзэхэри зэрынэхъыбэр, газетхэр зыІэрыхьэхэми а тхыгъэхэр нэхъыфІы къагурыІуэ зэрыхъуар къыхигъащащ Мухьэмэд.

КъБР-м щІыхуэр егъэджэнымкІэ, щІэныгъэмрэ щІалэгъуалэм я ІуэхуэмкІэ и министрым и къалэнхэр зыгъэзащІэ **Къумыкъу Іэуес** и псалъэм къыхигъащащ псори зыгъэгъэзауэ иужьрей зэманым анэдэлъхубзэхэм ехьэлІауэ кьекІуэкІ Іуэхугъуэхэм мы зэхуэсыр къыпкъырыкІжауэ жыпІэ зэрыхъунур. Бзэр хъумэнри, абы зегъэужьынри ар зи анэдэлъхубзэ лъэпкъым зэрелъытар, апхуэдэу къэралыр щІэгъэкъуэн мыхъумэ, бзэр дэхуэха зэрыхъунур къагурыІуэу министерствэм и лэжьыгъэр зэрызэтриублэр, анэдэлъхубзэр джыным теухуа Іуэхур Іэмал зэрилэкІэ иунэтІыну игу зэрилъыр къызэхуэсахэм яжриІащ Къумыкъум икІи дыщІигъэжащ министерствэм иригъэкІуэкІ лэжьыгъэм хуэщхьэпэн псалъэмакъ щІэныгъэ зэхуэсым щекІуэкІыну зэрыщыгугъыр.

КъБР-м граждан жылагъуэ зэгъэкъэныгъэхэм ядэлэжьэныкъэ лъэпкъ ІуэхуэхэмкІэ и министр **КІурашин Анзор** къызэхуэсахэм захуигъэзащ фІэхъуэ дахэкІэ икІи конференцым зыщытепсэлъыхьыну Іуэхугъуэхэм сыт и лъэныкъуэкІи сэбэпышхуэ зэрыхъунум шэч къызэрытримыхьэр жиІащ. Хэхэс адыгэхэм я сабийхэм щІэхщІэхьуэрэ ядолажьэри, бзэ и лъэныкъуэкІэ я Іуэхуэм гугъуэхэ гуэркэр къызэрыхэхуэр, зэхуэсым къыщІэта псалъэпсэмакъыр зэрыфІэкъабылыр къыхихугъащащ министрым.

Филологие щІэныгъэхэм я доктор, профессор, КъБР-м гуманитар къэхутэныгъэхэмкІэ и институтым адыгэбзэмкІэ къудамэм и унафащІ **БищІо Борис** щІэныгъэ зэхуэсым къыщІэта Іуэхугъуэ нэхъыщхьэм теухуауэ иІэ Іуэху еплъыкІэр къызэхуэсахэм я пащхьэ кърилъхьащ:

- Адыгэбзэм и тхыбзэ хабзэхэмрэ пэжырытхэкІмрэ зэтегъэхуэным, зы адыгэ тхыбзэ зэфІэгъэувэным дихуэкІуэным сызэреплъыращ: сыт алфавитыр зы тщІымэ сэбэпу къыпыкІынур? Зэраныра, хьэмэрэ сабэпыра нэхъыбэр? Апхуэдэ щІыкІэущ сызэрегупсысыр мы Іуэхум. Сыту жыпІэмэ, къэбэрдеибзэм щыщу хъэрфищ кІахэм ейм хуэдгъэкІуэну кьыдогъуэв. Псалъэм папщІэ, щ-р адыгей алфавитым хэт ш-мкІэ зэтхъуэкІмэ, адыгейм **шъ**-м дамыгъэ зэмылІэужьыгъуэхэр пыувэурэ къэхъуа хьэрф куэд хэтщ, ахэр къэбэрдей-шэрджэсыбзэм кьищтэфынукъым. Апхуэдэ зэтемыхуэныгъэхэм уебжьуэфынукъым, зы алфавит дыхуейщ жыпІэ щхьэкІэ. Аращи, зэгуэрым зэщхь хъужкынущ ди тхыбзэр жытІэ щхьэкІэ, ар щхьэгъэпщІажу къысщохъу. КъищынэмыщІауэ, орфографие и лъэныкъуэкІэ зэхуэдгъэкІуэну жыдоІэри, ар нэхъ сэбэп хъуну си гугъэщ. Зэ еплъыгъуэкІэ тыншу къытщыхъу щхьэкІэ, зэфІэхьн хуей Іуэхугъуэ куэду къызэрокІ мыр. Мы зэхъуэкІыныгъэхэр хэтлъхьа нэужь, псалъэм папщІэ, кІахэм къыщыдэкІ газетхэм, журналхэм, тхылъхэм ядежну сыт хуэдиз ис Къэбэрдейм? Е апхуэдэ дыдэу, ди республикэм къыщыдэкІхэм Адыгейм щеджэнум я бжыгъэр мащІэ дыдэщ. Мы зи гугъу тщІыр нэхъыбэу къызыфІэІуэхунр бзэ щІэныгъэлІхэращ. Апхуэдэхэр, республикищым исыр къапщтэмэ, щІыху 50-м нэсынщ. Бзэм теухуауэ зы унафэ къэтщтэн хуейщ жытІэмэ, зы литературэбзэ къэтщтэн хуейуэ абы нэхъ тызогъэчъныхь сэ. Ар тхузэфІэкІатэмэ, еджапІэхэм зы программэ яІэу егъэджэныгъэр зэтраубгъэнт, щІэблэм ар нэхъыфІу къащтэнт. Сэ си Іуэху еплъыкІэр араща.

Филологие щІэныгъэхэм я кандидат, профессор, Къэрэшей-Шэрджэс Республикэм гуманитар къэхутэныгъэхэмкІэ и институтым адыгэбзэмкІэ къудамэм и унафащІ **Тэнащ Тамарэ** щІэныгъэ зэхуэсым къыщІэта Іуэхугъуэ нэхъыщхьэм теухуауэ иІэ Іуэху еплъыкІэр къызэхуэсахэм я пащхьэ кърилъхьащ:

- Адыгэбзэм и тхыбзэ хабзэхэмрэ пэжырытхэкІмрэ зэтегъэхуэным, зы адыгэ тхыбзэ зэфІэгъэувэным дихуэкІуэным сызэреплъыращ: сыт алфавитыр зы тщІымэ сэбэпу къыпыкІынур? Зэраныра, хьэмэрэ сабэпыра нэхъыбэр? Апхуэдэ щІыкІэущ сызэрегупсысыр мы Іуэхум. Сыту жыпІэмэ, щ-р адыгей алфавитым хэт ш-мкІэ зэтхъуэкІмэ, адыгейм **шъ**-м дамыгъэ зэмылІэужьыгъуэхэр пыувэурэ къэхъуа хьэрф куэд хэтщ, ахэр къэбэрдей-шэрджэсыбзэм кьищтэфынукъым. Апхуэдэ зэтемыхуэныгъэхэм уебжьуэфынукъым, зы алфавит дыхуейщ жыпІэ щхьэкІэ. Аращи, зэгуэрым зэщхь хъужкынущ ди тхыбзэр жытІэ щхьэкІэ, ар щхьэгъэпщІажу къысщохъу. КъищынэмыщІауэ, орфографие и лъэныкъуэкІэ зэхуэдгъэкІуэну жыдоІэри, ар нэхъ сэбэп хъуну си гугъэщ. Зэ еплъыгъуэкІэ тыншу къытщыхъу щхьэкІэ, зэфІэхьн хуей Іуэхугъуэ куэду къызэрокІ мыр. Мы зэхъуэкІыныгъэхэр хэтлъхьа нэужь, псалъэм папщІэ, кІахэм къыщыдэкІ газетхэм, журналхэм, тхылъхэм ядежну сыт хуэдиз ис Къэбэрдейм? Е апхуэдэ дыдэу, ди республикэм къыщыдэкІхэм Адыгейм щеджэнум я бжыгъэр мащІэ дыдэщ. Мы зи гугъу тщІыр нэхъыбэу къызыфІэІуэхунр бзэ щІэныгъэлІхэращ. Апхуэдэхэр, республикищым исыр къапщтэмэ, щІыху 50-м нэсынщ. Бзэм теухуауэ зы унафэ къэтщтэн хуейщ жытІэмэ, зы литературэбзэ къэтщтэн хуейуэ абы нэхъ тызогъэчъныхь сэ. Ар тхузэфІэкІатэмэ, еджапІэхэм зы программэ яІэу егъэджэныгъэр зэтраубгъэнт, щІэблэм ар нэхъыфІу къащтэнт. Сэ си Іуэху еплъыкІэр араща.

Филологие щІэныгъэхэм я доктор, профессор, КъБР-м гуманитар къэхутэныгъэхэмкІэ и институтым адыгэбзэмкІэ къудамэм и унафащІ **БищІо Борис** щІэныгъэ зэхуэсым къыщІэта Іуэхугъуэ нэхъыщхьэм теухуауэ иІэ Іуэху еплъыкІэр къызэхуэсахэм я пащхьэ кърилъхьащ:

- Адыгэбзэм и тхыбзэ хабзэхэмрэ пэжырытхэкІмрэ зэтегъэхуэным, зы адыгэ тхыбзэ зэфІэгъэувэным дихуэкІуэным сызэреплъыращ: сыт алфавитыр зы тщІымэ сэбэпу къыпыкІынур? Зэраныра, хьэмэрэ сабэпыра нэхъыбэр? Апхуэдэ щІыкІэущ сызэрегупсысыр мы Іуэхум. Сыту жыпІэмэ, щ-р адыгей алфавитым хэт ш-мкІэ зэтхъуэкІмэ, адыгейм **шъ**-м дамыгъэ зэмылІэужьыгъуэхэр пыувэурэ къэхъуа хьэрф куэд хэтщ, ахэр къэбэрдей-шэрджэсыбзэм кьищтэфынукъым. Апхуэдэ зэтемыхуэныгъэхэм уебжьуэфынукъым, зы алфавит дыхуейщ жыпІэ щхьэкІэ. Аращи, зэгуэрым зэщхь хъужкынущ ди тхыбзэр жытІэ щхьэкІэ, ар щхьэгъэпщІажу къысщохъу. КъищынэмыщІауэ, орфографие и лъэныкъуэкІэ зэхуэдгъэкІуэну жыдоІэри, ар нэхъ сэбэп хъуну си гугъэщ. Зэ еплъыгъуэкІэ тыншу къытщыхъу щхьэкІэ, зэфІэхьн хуей Іуэхугъуэ куэду къызэрокІ мыр. Мы зэхъуэкІыныгъэхэр хэтлъхьа нэужь, псалъэм папщІэ, кІахэм къыщыдэкІ газетхэм, журналхэм, тхылъхэм ядежну сыт хуэдиз ис Къэбэрдейм? Е апхуэдэ дыдэу, ди республикэм къыщыдэкІхэм Адыгейм щеджэнум я бжыгъэр мащІэ дыдэщ. Мы зи гугъу тщІыр нэхъыбэу къызыфІэІуэхунр бзэ щІэныгъэлІхэращ. Апхуэдэхэр, республикищым исыр къапщтэмэ, щІыху 50-м нэсынщ. Бзэм теухуауэ зы унафэ къэтщтэн хуейщ жытІэмэ, зы литературэбзэ къэтщтэн хуейуэ абы нэхъ тызогъэчъныхь сэ. Ар тхузэфІэкІатэмэ, еджапІэхэм зы программэ яІэу егъэджэныгъэр зэтраубгъэнт, щІэблэм ар нэхъыфІу къащтэнт. Сэ си Іуэху еплъыкІэр араща.

Филологие щІэныгъэхэм я кандидат, профессор, Къэрэшей-Шэрджэс Республикэм гуманитар къэхутэныгъэхэмкІэ и институтым и щІэныгъэ лэжьакІуэ нэхъыщхьэ **Иуан Зэуал** конференцым хэтахэм хьыбар къаззырыригъащІамкІэ, Тыркум щыІэ Къайсэр къалэм и Эрджиэс университетым адыгэбзэ къудамэ къыщыдэІуахащ икІи абы япэу къащтэнухэм экзамен ятри, гупыр яубзыхуащ, иджы фокІадэм и 15-м еджэн щІадзэнущ. Ахэр зэрырагъэджэн тхылъхэр хэкум ирашынущ, программэхэр хъэзырщ.

Адыгэбзэм и тхыбзэхэр зэщхь щІыным теухуауэ Ивуаным къыхигъащащ Къумахуэм къыщІэна проектым хэмылэжьыхьыжу къэщтэн хуейуэ зэрыщымытыр, къэрал дэІэпыкъуэгъунщэу ди бзэр хъума зэрымыхъунур, тІуэуэ кьекІуэкІ бзэхэр зэрызэкІуалІэ Іуэхуэхэр япэщІыкІэ зэщхь тхуэщІынымэ, абы яужь итын зэрыхуейр, зы адыгэбзэ къэдгъэхъун папщІэ.

- А зи гугъу тщІы унификацэм дызэделэжьыну зы гуп (комиссэ) къызэдгъэпэщу, ДАХ-м и нэІэ щІэту игъэлажьэну - мис апхуэдэу Іуэхур егъэжьа хъун хуейщ, - жиІащ щІэныгъэрылажьэм кІэух псалъэу.

Зыуэ щыт адыгэ тхыбзэр зэгъэпэщыным, анэдэлъхубзэр хъумэным ехьэлІауэ и гупсысэхэр конференцым и пэІущІэ зэхуэсым къыщІиуэтащ **Табыщ Мурат**.

- Мы псалъэмакъыр куэдыІуэрэ къызэрекІуэкІ кьыхэкІыу ар зыфІэмыщІэщыгъуэжхэр щыІэу къыщІэкІынущ. ТхыбзитІ щыувкІэ, тхыгъэ хабзэ гуэрхэри зэфІоувэ, литературэбзэ жьхуэхтІэми зиужьу щІедзэ. Адыгэ тхыбзэхэм зэмыщІхуэ хэлъыр къызэнкІынным теухуауэ щІэныгъэ зэхуэс мащІэкъым екІуэкІар. Ауэ пыухыкІауэ унафэ къыщащтэфар 1999 гъэм Налшык кьалэ щекІуэкІа щІэныгъэ зэІущІэращ. Абдеж иджыри зэ къыщІэпхъат зыуэ щыт адыгэ литературэбзэмрэ зыуэ щыт адыгэ тхыбзэмрэ я Іуэхур.

А зэхуэсым игъуэу кьилъытащ илъэс пщІы бжыгъэ хъуауэ бзэ щІэныгъэм къыщІэзащтауэ щыІэкІуэ алыфбей, пэжырытхэ системэм адыгэ литературэбзэхэр зэрылажьэ тхыбзэкэр хуэщэнри. Мыбы ІуэхугъуитІ къыхокІ: зы лъэныкъуэкІэ, адыгэ алыфбей икІи пэжырытхэ системэхэм хэлъ зэтекІынигъэхэр егъэкІуэдри, бзэр зэщхь ещІ, нэгъуэщІ лъэныкъуэкІэ укъеплъмэ, адыгэбзэ псэлъэкІэ системэри зэщхь щІыным толажьэ. Зыуэ щыт адыгэ тхыбзэм техьэныр сэ сфІэкъабылщ. Нобэ а зы гъуэгуращ адыгэм диІэр, зыуэ щыт адыгэ литературэбзэм дыхуишэу, - жиІащ Табыщым.

Апхуэдэу ар къыщыдэтэвыІащ нэрылъагу дыдэу адыгэ тхыбзитІыр зэгъуэнгъу хъун щхьэкІэ хэлъхьапхъэ Іуэхугъуэхэм. Псалъэмакъыр куэд щІауэ кьекІуэкІми, мыр Дунейпсо Адыгэ Хасэм пщэрылъ зыщищІыжаГъэхэу зэрыщытыр, гупсысэ пыухыкІарэ унафэ хэхарэ зэрИапхъэр къыхигъащащ Мурат.

ЩІЭНЫГЪЭ зэхуэсым и лэжьыгъэм адэкІэ щыпащащ гупхэм (секцэхэм). Зытепсэлъыхьыну Іуэхугъуэ ельытаКІэ гуэша гупитІым я лэжьыгъэм яунэтІащ педагогикэ щІэныгъэхэм я кандидат **ХьэцІыкІу Рае**, социологие щІэныгъэхэм я кандидат **Гъуэгъэлі Зухра**, филологие щІэныгъэхэм я кандидат **Тэнащ Тамарэ**, Налшык кьалэ дэт 4-нэ гимназием адыгэбзэмрэ литературэмкІэ и егъэджакІуэ **Уэркъуасэ Иринэ** сымэ.

«Бзэм и лэжьэкІэр зэраджыну щІэныпхъэм и лъабжьэу зэрыщытым теухуауэ» - арат ХьэцІыкІу Рае утыку кьрихьа псалъэмакъыр зытеухуар. Егъэджэныгъэ лэжьыгъэм ехьэлІэныгъэ уцИэн папщІэ зэребгъаджэ Іэмалхэр гъащІэм и лъэныкъуэ куэдым ельытауэ къыхэхын зэрыхуейр, абы къыхэкІыу, илъэс тІощІ и пэкІэ зэрырагъэджа методикэр нобэрей махуэм къызэремызгъэжьынур, езым и кьупхъэм къитІасэу школым зэрыщрагъэджэн тхылъ, абы хуэфэщэж методикэ зэманыщІэр зэрыхуэныкъуэр къыхигъащащ Рае. Бзэр джынир щІэщыгъуэ щІыным мыхьэнэшхуэ езыт егъэджакІуэм щапхъэу къегъэув Шэджьыхьэщ Марие зэфІигъэува комплексно-процессуальнэ методыр, абы къыпкъырыкІыжа структурнэ методикэр. Къызэхуэсахэм гурыІуэгъуэ ящищащ абы зи гугъу ищІ лэжьэкІэм мыхьэнэшхуэ зэриІэр:

- Методикэм къызэригъэлъагъуэмкІэ, псалъэм и къэхъукІэр, абы къэлэжьыхь аффиксхэр, псалъэщІэ къыщыдыкІэ аффиксхэм я зэпыуваПІэм щекІуэкІ морфонологическэ Іуэхугъуэхэр яджкІэрэ, нэхъ тэмэму убзыхуа хъунущ псалъэм и тхыкІэ зэмэмыр. Апхуэдэ щыкІэкІэ цыкІуэхэр бзэ щІэныгъэм хэша мэхъу, щІэныгъэр зи лъабжьэ логическэ гупсысэкІэм тохъэ. Нэрылъагъу ящохъу тхэкІэ тэмэмым и хабзэхэр езы бзэм и зэхэлъыкІэм, ухуэкІэм, къэгъэсэбэпыкІэм къыпкъырыкІыжу зэрыщытыр, армыхъэмэ а хабзэхэр къагупсысу бзэр абы трагъэувжауэ зэрыармырар. Структурнэ методикэм тету къызэгъэпэща егъэджакІэм Іэмал ящІ бзэм теухуауэ школым щаджьпхъэ Іыхьэхэр зэпэщхьэхуэу, чэзууэ мыхъуу, зэхэлъ-зэщІэлъу уха хъунымкІэ. Бзэм хэлъ гъэщІагъэнагъхэм гу лъызыта сабийм ар псэкІэ зыхиущІэнуц, абы къыхэкІыуи, шэч хэмылъу, фІыуэ илъагъунущ.

Бабыгуей кьуажэм дэт 2-нэ курыт еджапІэм и унафэщІым и къуэдзэ, адыгэбзэмрэ литературэмкІэ егъэджакІуэ **Мэшыкъуэ Іэсият** тепсэлъыхьащ Къэрал федеральнэ стандартхэм тету адыгэбзэр зэрегъэджыпхъэхэм, адыгэбзэмрэ адыгэ литературэмрэ зэраджыну тхылъхэм бгъэдыхьэкІащІэу хэлъыпхъэхэм. Іэсият зэрыжиІэмкІэ, анэдэлъхубзэр фІагъ хэлъу егъэджыныкІэ мыхьэнэшхуэ яІэщ зэреджэ тхылъхэмрэ пособиехэмрэ федеральнэ стандартхэм къагъэувэ кьалэнхэр ягъэзащІэу узэщІауэ щытыным.

Псори зытещІыхьыжауэ щытыпхъэр еджакІуэм щІэныгъэ хьэзырыт ягъэныкъуам, атІэ а щІэныгъэм хуэкІуэфу, ар езым къихутэфу егъэсэнырщ; курыт еджапІэм щызрагъэгъуэта щІэныгъэм адэкІэ пащэным Іыабжьэ хуащІыфу, теориекІэ кьащІар я бзэм, тхыгъэм, творческэ лэжьыгъэхэм къызэрыщагъэсэбэпыфыным зэрыхуишэрщ; ягъуэта щІэныгъэхэмрэ есэныгъэхэмрэ я бзэм къыщагъэсэбэпыныр нэхъапэу, нэхъыщхьэу зэрыщытырщ, нэгъэщІ лъэпкъ щэнхабзэхэм нэхъыфІу хащыкІ зэрыхъурщ; езыхэм я Іуэху еплъыкІэм нэмыщІ, нэгъэщІхэми щІэдэІуфу, информацэ зэрыуемыдэжэр зэхуихьэсыфу, ахэр зэхидзыжыфу, нэхъыщхьэр кьихиубыдыкІыфу зэрыригъасэрщ; Іуэхугъуэ гуэрым теухуауэ къызэщІэзыкъуэж лэжьыгъэ игъэхъэзырынымэ, езым и дуней зыхащІэкІэ иІэным зэрыхуригъэджэрщ. Іэсият и псалъэмакъым къыхигъащащ зэреджэ тхылъхэмрэ пособиехэмрэ елэжьынымэ, ахэр стандартым къигъэув системно-деятельностнэ бгъэдыхьэкІэм тету зэхэлъхьэжыр къызэрыщІэдзапхъэр, езы федеральнэ стандартхэр адыгэбзэкІэ зэдзэкІауэ ди егъэджакІуэхэм яІэрыхьэну зэрыфІэигъуэр, а Іуэху щхьэпэм пІэльэщыфынур щІэныгъэрылажьэхэрщІи, мы зэхуэсым абы теухуа унафэ къищтэну зэрыщыгугъыр.

Тэнащ Тамарэ анэдэлъхубзэ дерсхэм текстым елэжьу щегъэсэным епхуа Іуэхугъуэхэм щытепсэлъыхьым къыхигъащащ Налшык щеджэ хэхэс адыгэ щІалэгъуалэм, ДАХ-мрэ КъБКъУ-мрэ я жэрдэмкІэ, илъэситІ хуэуауэ адыгэбзэ зэрыщаджэр, хамэ къэралым къикІауэ ди деж щІэныгъэ щІыхьэзыгъэгъуэт студентхэм зэрадэлажьэлъхьэр. Апхуэдэу Тамарэ къыщыдэтеувыІащ методикэ и лъэныкъуэкІэ Іэкъуэгъэ школым зэрызэтриублэм икІи абы къыпэкІуэ ехьэлІэныгъэхэм.

Ныбжьэсхэм гъэщІэгъэн нэхъ ящыхъуахэм ящыщщ Налшык кьалэ дэт 20-нэ курыт еджапІэм информатикэмкІэ и егъэджакІуэ **ЛІуп Марьянэ** и пэщІэдзэ азбукэм и мультимедие проектыр.

Адыгэбзэ азбукэр пэщІэдзэ еджапІэм щІэс цыкІуэхэмкІэ нэхъ зэгъэщІэгъуафІэ хъун, темызэшэн щхьэкІэ, джэгукІэ Іэмалхэр хэлъу зэхэгъэува мультимедие лэжьыгъэщ мы проектыр. Абы къищынэмыщІауэ, Марьянэ зэрыжиІэмкІэ, мы проектыр хамэщІ щыпсэу ди лъэпкъэгъухэм, хамэ лъэпкъхэм ящыщу адыгэбзэр зэзыгъэщІэну хуейхэми дэІэпыкъуэгъу яхуэхъуну щогугъ. Проектыр щагъэлъэгъащ хэгъэгу зэпеуэ зыбжанэм, Москва щыІэ Лъэпкъ ІуэхугъэмкІэ федеральнэ агентствэм иригъэкІуэкІа «Ключевое слово» проектым абы къыщыхуагъэфэщащ «За сохранение языкового многообразия» щІыхь тхылъыр.

Апхуэдэу щІэныгъэ зэхуэсым жыджэру хэлэжьыхьахэм ящыщщ Адыгейм хыхьэ ПсейтІыкІу жылэм щыщ **Нэтхъуэ Рустам**, хьэжрэт Къэсейхьэлэм дэт куэрт еджапІэм адыгэбзэмрэ литературэмкІэ и егъэджакІуэ **Шэрджэс Расьят**, КъБКъУ-м хыхьэ педагогикэ колледжым адыгэбзэмрэ литературэмкІэ и егъэджакІуэ **Лъостэн Марьянэ**, «Адыгэбзэмрэ адыгэ литературэмрэ - Курыт еджапІэхэм» газетым и редактор нэхъыщхьэ **Къудей Фамидэ**, социологие щІэныгъэхэм я кандидат, Гуманитар къэхутэныгъэхэмкІэ институтым и къудамэм и пашэ **Гъуэгъэлі Зухра** (АР), филологие щІэныгъэхэм я кандидат, Гуманитар къэхутэныгъэхэмкІэ институтым и къудамэм и пашэ **Анчокъуэ Сурэт** (АР), ДАХ-м хэт **Мэшхуэфі Нэждэт** (АР), КъБКъУ-м хыхьэ егъэджэныгъэ программхэм щыкІэ лъэплъ управленэм и лэжьакІуэ **Щоджэн Іэминат**, Къэбэрдей-Балъкъэрым Гуманитар къэхутэныгъэхэмкІэ и институтым и аспирант **Табыщ Динарэ**, Къармэхьэблэ къуажэ дэт 1-нэ курыт еджапІэм адыгэбзэмрэ литературэмкІэ и егъэджакІуэ **Лъых Людмилэ** сымэ, нэгъэущІэкІэри.

ЗЭХУЭСЫМ егъэджакІуэ куэд къекІуэлІат. Абыхэм я гукъеуэхэм, зытепсэлъыхьыным, езым и дуней зыхащІэкІэ иІэным зэрыхуригъэджэрщ. Іуэхугъуэ нэхъыщхьэу щытыр УФ-м и Къэрал Думэм анэдэлъхубзэхэм ехьэлІауэ иджыблагъэ кьишта хабзэрат. Дэхуэха хъункІэ зытешыныхь анэдэлъхубзэм и пщІэр емыхуэхьу Іыгъын зэрыхуейр, абы папщІэ я лэжьыгъэр дагъуэншэу, Іэмалыщ Іэхэр кьагъэсэбэпурэ зэтеублапхъэу зэрыщытыр ящІэжу дяпэкІи нэхъыфІыжу лэжьэну гукъыдэж зэраІэр нэрылъагъуэу зэбгрыкІыжащ егъэджакІуэхэр.

Дунейпсо щІэныгъэ зэхуэсым хэтахэм абы къыщыдэта Іуэхугъуэхэр, кьалэн зыщащІыжахэр къыщыгъэльэгъуа чэнджэщхэм (резолюцэм) комиссэр хэлэжьыхьыжри къащтащ. Апхуэдэу мыгувэу къыщыдэкІынущ щІэнІуатэм хэтахэм я къэпсэлъэныгъэхэр щызэхъуэхьэса тхылъ.

ГурыІуэгъуэщ, бзэм ехьэлІа лъэпощхьэпохэм зы зэхуэскІэ дащхьэпрыкІынщ жыпІэу мурад пщІыкІэ, абы мыхьэнэ зэримыІэр, зы щІыху закъуэм и гуащІэкІэ мыр зэрыпхъэуфІэмыхьынур, зы гупым и гукъыдэжкІи зэгъэзэжуа зэрымыхьынур. Лъэпкъыр хуеиныхъэщ лъэпкъыу кьызэтенэным. Дэ тщІыщ куэдым хэкумрэ бзэмрэ тынш дыдэу Іэщ Іыбэ щащІыкІэ, хуэрэщэн гулъытэ хуэдмыщІу Іуэху гуэрхэр щыІэу кьыщІэкІынущи, а щхьэусыгъуэхэрщ лъэныкъуэ едгъэзыну дызыхущІэкъур. Абы ехьэлІауэ етхьэкІ лэжьыгъэр кьыдэхъулІэмэ ди гуапэщ.

ЩОДЖЭН Іэминат.

«Адыгэбзэр хъумэным, зегъэужьыным ехьэлІа Іуэхугъуэ нэхъыщхьэхэр» зи фІэщыгъэ дунейпсо щІэныгъэ зэхуэсым къыщаІэтахэм япкъ иткІэ зэхагъэува ЧЭНДЖЭЩХЭР

Дунейпсо Адыгэ Хасэм и нэІэ щІэту шыщхьэІуи и 17-м Налшык кьалэ щекІуэкІащ «Адыгэбзэр хъумэным, зегъэужьыным ехьэлІа Іуэхугъуэ нэхъыщхьэхэр» зи фІэщыгъэ дунейпсо щІэныгъэ зэхуэс. Абы кьрихьэлІащ КъБР-м, АР-м, КъШР-м я щІэныгъэ Іэныгъэхэм я лэжьакІуэхэр, а республикэхэм щыІэ Адыгэ Хасэхэм я лІыкІуэхэр, ди республикэм и щІыналъэхэм егъэджэныгъэмкІэ я Іуэхугъуэхэм я методистхэр, курыт еджапІэхэм адыгэбзэмрэ литературэмрэ щытепсэлъыхьащ Іуэхугъуэ **Шэрджэс Расьят**, КъБКъУ-м хыхьэ педагогикэ колледжым адыгэбзэмрэ литературэмкІэ и егъэджакІуэ **Лъостэн Марьянэ**, «Адыгэбзэмрэ адыгэ литературэмрэ - Курыт еджапІэхэм» газетым и редактор нэхъыщхьэ **Къудей Фамидэ**, социологие щІэныгъэхэм я кандидат, Гуманитар къэхутэныгъэхэмкІэ институтым и къудамэм и пашэ **Гъуэгъэлі Зухра** (АР), филологие щІэныгъэхэм я кандидат, Гуманитар къэхутэныгъэхэмкІэ институтым и къудамэм и пашэ **Анчокъуэ Сурэт** (АР), ДАХ-м хэт **Мэшхуэфі Нэждэт** (АР), КъБКъУ-м хыхьэ егъэджэныгъэ программхэм щыкІэ лъэплъ управленэм и лэжьакІуэ **Щоджэн Іэминат**, Къэбэрдей-Балъкъэрым Гуманитар къэхутэныгъэхэмкІэ и институтым и аспирант **Табыщ Динарэ**, Къармэхьэблэ къуажэ дэт 1-нэ курыт еджапІэм адыгэбзэмрэ литературэмкІэ и егъэджакІуэ **Лъых Людмилэ** сымэ, нэгъэущІэкІэри.

ЗЭХУЭСЫМ егъэджакІуэ куэд къекІуэлІат. Абыхэм я гукъеуэхэм, зытепсэлъыхьыным, езым и дуней зыхащІэкІэ иІэным зэрыхуригъэджэрщ. Іуэхугъуэ нэхъыщхьэу щытыр УФ-м и Къэрал Думэм анэдэлъхубзэхэм ехьэлІауэ иджыблагъэ кьишта хабзэрат. Дэхуэха хъункІэ зытешыныхь анэдэлъхубзэм и пщІэр емыхуэхьу Іыгъын зэрыхуейр, абы папщІэ я лэжьыгъэр дагъуэншэу, Іэмалыщ Іэхэр кьагъэсэбэпурэ зэтеублапхъэу зэрыщытыр ящІэжу дяпэкІи нэхъыфІыжу лэжьэну гукъыдэж зэраІэр нэрылъагъуэу зэбгрыкІыжащ егъэджакІуэхэр.

Дунейпсо щІэныгъэ зэхуэсым хэтахэм абы къыщыдэта Іуэхугъуэхэр, кьалэн зыщащІыжахэр къыщыгъэльэгъуа чэнджэщхэм (резолюцэм) комиссэр хэлэжьыхьыжри къащтащ. Апхуэдэу мыгувэу къыщыдэкІынущ щІэнІуатэм хэтахэм я къэпсэлъэныгъэхэр щызэхъуэхьэса тхылъ.

ГурыІуэгъуэщ, бзэм ехьэлІа лъэпощхьэпохэм зы зэхуэскІэ дащхьэпрыкІынщ жыпІэу мурад пщІыкІэ, абы мыхьэнэ зэримыІэр, зы щІыху закъуэм и гуащІэкІэ мыр зэрыпхъэуфІэмыхьынур, з

Экономикэ Политикэ

Махэку

Кавказ Ищхъэрэ Жылагъуэ Іуэху

Псыр налкъутналмэсым нэхърэ нэхъ лъапІэ мэхъу

ООН-м игъэбелджыла бжыгъэ: 2050 гъэм ирихьэлІэу псы щыщІэнущ дунейм щыхуу тетыным и ныкъуэр.

ЗЭРЫФЩІЭЩИ, щыхуу бжыгъэр меларди 7,6-рэ мэхъу. Абы щыщу мелардитІым щІигъуи мы зэманым псы зэфэн ягъуэтыркъым. 2050 гъэм ЩІым и щыхуэм я зэхуэдитІым псы зэрамыІэнур кьиугъэльэгъуащ мы Іуэхум текІуауэ ООН-м иригъэкІуэжа къэхутэныгъэм. ИпэІэкІэ къэралхэр зэгурыІуат 2030 гъэм ирихьэлІэу щыхуу псоми псы зэфэн ягъуэтыфын хуэдэу Іуэху пыухыкІахэр здадащІэну, ауэ иджы нэрылъагъущ я мурадыр кьазэремыхъулІар.

ЩІэныгъэлІхэм жаІэу щытащ щыдащъэм зауэ кьиузэрикІым хуэдабзэу, псы щхьэкІэ лъэпкъхэр, къэралхэр зэпэщІэуэ зэрыхьунур. ЩхьэусыгъуитІ иІэщ псыр щІахуримыкъум: ЩІым щыпсэу щыхум я бжыгъэм кьиузэрыхэхъуэмрэ кІуэ пэтми дунейр нэхъ хуабэ зэрыхъумрэ. Псыуэ щыІэм и процент 70-м нэсыр мэкъумэш Іэнатіэм пэрытхэм кьагъэсэбэп, процент 20-р - промышленностым, щыхуэм уиагъэуакІэ, и щхьэ Іэхуэкіэ кьиугъэсэбэпыр процентри 10-щ зэрыхьэр. Щыхуэ бжыгъэм щыхэхъуэкІэ, псыр гъуэтыгъуэй икІи лъапІэ зэрыхьунур гурыІуэгъуэщ. Апхуэдэ кьабзэуи нэрылъагъущ щыхуцІэ зиІэм электрокъарууэ кьиугъэсэбэпыр зэрыхэхъуэр, уеблэмэ псынщІэ дыдэущ ар кьиузэрыхъыр: 2050 гъэм электрокъарууэ кьиугъэсэбэпыр процент 70-кІэ нэхъыбэ хъунущ.

Сыт хэкІыпІэу щыІэр? Ипэр - хы, тенджызыпсыр гъэкъабзэнырщ, уефэ хъууэ. Ауэ абы электрокъаруушхэ токІуадэ. Псалъэм папщІэ, Сауд Хьэрыпым махуэ кьэс щагъэкъабзэ псы кубометр мелуани 5,5-рэ. А Іуэхум текІуадэр щІыдагъэм хуэгъэкІуауэ хьисэп пщІымэ, махуэм хуэзэу баррель мин 350-рэ мэхъу. Араши, къэрал мащІэу а Іуэхум пэлъэщыр.

Іэщіагъэлізхм кьалъытэ мэкъумэш Іэнатіэм псыр нэхъ зэгъэзэхуауэ кьыщагъэсэбэпын папщІэ псы зэрыщІагъэльадэ щІыкІэр егъэфІэкІуэн, псы щІэпкІэным хуэмыныкъуэ кьэжІыгъэ лІэужьыгъуэхэр кьэгъэщІын, фІеи хьуа псыр ягъэкъэбзэжу етІуанэу кьагъэсэбэпыжьыным хуэкІуэн хуейуэ. Кьапщтэмэ, тенджызыпсым щыгъур хагъэкІыу кьэзыгъэсэбэпхэм ящыщщ Израильр, Катарыр, Франджыр, Сауд Хьэрыпыр, Сингапурыр, Хьэрыпэ Эмират Зэгуэтхэр.

«Зи гугъу тщІа Іуэхугъуищри тэмэму зэфІэхыфаУэ дощри, щыхур псым щымыхсьмэ, зэримыгъэзахуэмэ, кьикІын щыІэкъым», - жаІэ экологхэм.

Абы щхьэкІэ къэралхэр зэгурыІуэн, хабзэ зэдагъэбелджылыуэ кьызэдащтэн хуейщ. НэгъэщІыгъ жыпІэмэ, псы Іуэхур политикэ утыкушхэм кьрахьэн хуей хъунущ. ЩыхуцІэ зиІэр зэгурыІуэфиз, 2050 гъэм ирихьэлІэу псым текуауэ дызыхэхуэну гугъуехьэм зыщщтхъэумэфыну гугъэ щыІщ.

Ди къэралращ узэфэ хъун псы нэхъыбэ дыдэу зиІэр. Ар, зэрыгурыІуэгъуэщи, Урысейм и щІыналъэ псоми зэхуэдэу тегущыІакъым, псы зэфэн зымыгъуэт, псыр кьиж щхьэкІэ, абы уемыфэфу щыфІей кьуажэрэ кьалэу диЗэр мащІэкъым. Абы и щхьэусыгъуэр, лейуэ утемыпсэлъыхьыну хъунущ, гурыІуэгъуэщи, мы тхыгъэр нэзгъэсынут иджы дыдэ кьызжаІэжамкІэ. Мыбы кьэгупсыса хэлъхъуи.

Кьуажэмэхуэм и зы хьэблэ дэсхэр администрацэм и унафэщІым зэхуимцэсауэ Іопсалъэ кІэрыфІэкъэзыхуу губгъуэм щрагъэмыкІутыну (ар дэзышІ яІэ щхьэкІэ, ахъшэ ятыну хуейкъым, езыхэм здыхуэзэм щрагъкІут). Зы цІыхубзым и фІэщыпІэу жиІащ: «Сэ кьыдэсшІу губгъуэм щиздзыркъым, зэуэ псым хьзокІутэ». А бзылъхугъэм и закъуэкъым ар зыщІэр: бжьэпэм тесхэм иракІутэх, псыхьэуэм пэгъунэгъуэхэм ар я пхъэнкІий идзыпІэщ. Псым апхуэдизкІэ мэ къыхих хъуащи, псафэ яху Іэщыр яхуефэжыркъым. Сабийхэм псым зэрызыщамыгъэпскІыжьым и гугъу умыщІыхьэ. Дызытес кьудамэр пыдупщІыжауэ аракъэ абы кьикІыр?

Егъэджакіуэхэр ирагъэджэнущ

Мы мазэм и 22-м яублащ «Егъэджэныгъэ» лъэпкъ проектыр. Абыкіэ игъэбелджылы курыт едгъэпІэхэм 2024 гъэ пщІондэ къыщыхьэну зэхъуэкІыныгъэхэр.

- 1986 ГЪЭМ курыт щІэныгъэ щІэблэм зэредгъэгъуэтымкІэ дуней псом япэ увыпІэр щытІыгът, иджы 34-36 увыпІэхэм дыкъыщыхутащи, а Іуэхумкіэ япэ ит къэралипщІым ящыщ дыхъужьи хуейщ, - жиІащ УФ-м егъэджэныгъэмкІэ и министр Васильевэ Ольгэ.

Абы кьызэрыхигъэщащи, ди къэралым и хэгъэгухэм кьалэныщхуэ я пщэм кьыдэхуащ, я программэ зэхалъхьэу федеральнэ проектым хагъэхьэным теухуауэ. Псори Іуэхуищу, зытращІыхьыр - еджапІэхэр иджырей зэманым екІуу кьыхэзгъэпэщщыныр, зыхъурагъаджэр сабийхэм кьахуэщхьэпэу гъэбелджылыныр, егъэджакіуэхэм я щІэныгъэр хэгъэхьуэныр. Иужьрейр лъэпкъ проектым хэтынущ «Кьэкіуэным и егъэджакіуэ» программэ щхьэхуэу.

Иужьрейм кьуриубыдэу зэфІахыну кьалэн зыщащІыкъэм ящыщщ дэтхэнэ школми псынщІэу лажьэ Интернет зэрыщІашэнур. Урысейм кьуажэ кьурыт еджапІэу мин 26-рэ иІэщи, абыхэм Интернетым Іэмал кьаритынущ ди къэралым и дэтхэнэ библиотекэми мыуасэми «Щыхьэфыну».

«Билет в будущее» фІащащ проектхэм (ахэр пщІы мэхъу) язым. Ар яхуэгъэзащ 6-11-нэ классхэм щеджэхэм. Министрым зэрыжиІамкІэ, проектыр 2018 гъэм фокІадэм и 1-м яублэнущ, зытеухуари щІэблэм Іэщіагъэу кьыхахьнумкІэ ядэІэпыкъуныращ. Мы Іуэхущіэхэм гъэ кьэс кьызэщІрагъэубыдэнущ сабий мини 100 мынэхъ мащІэ, ахъшэуи ильэсым хуэзэу трагъэкІуэдзэнущ сом мелардым нэс.

«Иджырей еджапІэ» проектым хыхьэу, ягъэщыкІэ еджапІэ 25-рэ яуухуэнущ, зэманым кьыгъэуэным тещІыкъыхьэу зыхуеину псомкІи кьызэгъэпэщащэ.

Гулъытэ яГуэтынущ Іэщіагъэ кьызэдыщІах колледжхэми. Мы зэманым долъагъу ильэситІ-щым кьриубыдэу Іэщіагъэ зрагъэгъуэту лэжьэн щІадзэным мыхьэнэ нэхъ иІэу щІалэгъуалэм кьалъытэ зэрыхъуар.

Егупсысауэ, псори зэпэлъытауэ хэгъэгухэм ягъэхэзыныкъэ щхьэпэщылъщ «Егъэджэныгъэ» лъэпкъ проектым хагъэхьэну я программэр. Кьапщтэмэ, а Іуэхур ежьагъэхъэщи, щІэблэм щІэныгъэр Іэщіагъэр яГуэтынкІэ кьыззэІыгъэпэщ ди къулыкъущІэхэм дащІыналъэр адрейхэм кьыкІэрамыгъэхуну.

Шыфэкъуж Данэ и ныбжьыр илъэс бжыгъэ дахэ зэрырикъумкІэ дохъуэхъу

И псэм и кьабзагъым хуэдиз насыпрэ узынщагъэрэ Тхьэм къыбгъэдилъхьэ, зи ужь ит Іуэхум кьыпэкІуэ хьерым игу хигъахъуэу Тхьэм куэдрэ игъэпсэу.

Данэ къыщалъхуари къыщыхъуари Налшыкщ, КъБКъУ-р къиухащ, Амман унагъуэ щихьащ. Иджыпсту пащтыхьыкъуэ Хьэмэз и цІэр зезыхьэ Шэрджэс школым адыгэбзэмкІэ хуэдгъадж. Данэ и гурыгъу-гурыщІэхэр усэбзэкІэ къыззриІуатэри гуапэщ, хъуэхъум и гъусэу абы и Іэдакъэ къыщІэкІа усэ зыбжанэ фи пащхьэ идолъхьэ.

НЭЩІЭПЫДЖЭ Замирэ,
Дунейпсо Адыгэ Хасэм
и тхьэмадзм и къуэдзэ, Адыгэ
Республикэм щІыхь зиІэ и журналист.

Пщыгъупщэжмэ си цІэр

Сыгъэнщ си нитІым
Нэпс кьыщІэмынэху,
Сэ гуауэ хьэлъэр
ЩІэзуфэнщ сылІэху…
УхуэлІэ хъумэ нобэ
Си гущІэгъу,
БжесІэнщ сэ хуэму:
«Псори пхузогъэгъу!»
Арами щІэщхьум
Кьресыкі си гущІэр,
Кьыззпеуд гъэпцІагъэм
Ди зэІуущІэр…
Сэ гуауэм сихьрэ
Пщыгъупщэжмэ си цІэр,
Кьыззгуитхьынщ си бампІэм
Мы щы фІыщІэр…

МащІэрэ куэдрэ

Розэ плъыжьыбзэр пхузощІыр уэ тыгъэ,
Кьысфіощіыр а тыгъэр Кьуэкіыпіэм
и лыгъэ.
Розэ хужьыбзэу сэ уэстым кьыбжеІэ:
ФІыщІагъэм си гущІэр къэхъункъым
щриІэ.
Розэ гъуэжьыбзэм, си щІасэ, си щІыхь,
Гурыщхъуэ кьегъэщІри, псэр хедэз
бэлыхь.
Гурыщхъуэм и мащІи и куэди схуэмыІыхь,
Кьысфіощіыр гурыщІэм ар хъуауэ
и щхъухь:

ЩІыхь

Мы дунейр зэшыгъущ яныкъуэм.
Дунеижьым куэдрэ согупсыс:
Хуэмыщщауэ нобэ зи гур ныкъуэм
ГурыфІыгъуи гуапи кьылъымыс.
Жэщщу хъумэ, кьотІыскъэж мазэщІэр,
Пщэдджьжьыпэм дыгъэр къыщІопсыж.
Кьеблэгъамэ лъахэм илъэсыщІэр,
Гъэ блэкІар, арати, ныщІелъхьэж.
Жэщи махуи емызэш толъкъунхэр,
ПсыІум ахэр куэдрэ ёюныкъуэкъу.
Мывэ джей псыхьахэм кьыдэкІыну
Куэдрэ кьохъу толъкъунхэр щыхущІэкъу.
Ёюкіуэтыж толъкъунхэр езэшауэ.
Псыр губжьати кьиугъэнакъым лъэкІ…
Дунейм теткъым щІыхум хуэдэу зэуэ
Ерыщагъкіэ куэд зыхуэзэфІэкІ.
КьыщІышынщ кьыщІыщІым дагъэ
фІыщІэр,
Щигъэкіынщ пшахьэущІым гъавэ бэв.
Ауэ щІыхум хуэдэ и щІыхуІэр
Щогъупщэжри, бампІэ куэд егъэв…
Мы дунейр зэшыгъущ яныкъуэм.
Дунеижьым куэдрэ согупсыс:
Щхьэ зиІэжрэ зыри хуэмыныкъуэм?!
Щхьэ фІэкІуэждрэ лъахэм и нэмыс?!
ЩымыІэжу хьэ зэрышхи, дауи,
ХуэмыщІахэм хъахуимыхуэу щыгъ,
НыщІалъхьэжу тхьэмыщІкІагъи гуауи
Щхьэ мыхъужрэ щІыхуэр зэпыгъ!

Гурыщхъуэ

Уэ тенджызым сакъыу сыщохъуэмэ.
Сыщохъуэмэ гуауэм, уемызэш.
Жэщ маззэхэу гъуэгу сытехьэ хъумэ,
Батэкъуэтэр кьохъур уэ щыбгъэш.
Уэ уэуэдэщ пльырым. Жэщи махуи
Зы дакъикъэ нэхэр стумыгъэкІ.
Мы дунейм ущимыІэж зы Іуэхуи -
Псэ лъхъэущым ибгъэлІыхьым фІэкІ.
Сыщохъэмэ лъагъуныгъэм, дыгъэм,
Губгъуэ хуитым икъуэха накъыгъэм,
Гурыфіыгъуэм, ныбжьэгъуэгъэ щхьэзэм,
Кьуалэбзу жыгыщхьэм щыбзэрабзэм…
Псори хъуащ гурыщхъуэм Іэщіэмкі,
Хъуащ си гъащІэр уи бзылъхэ хэмыкІ.
Псэр ныхуоІэ гурыфІыгъуэ нобэ.
Псэм и гуфІэр гуауэм къыпегъэщ.
О, дэ ди Тхьэ, кьыумыхьыжу тобэ,
Гъэсэхьж къымынэу зы лъэхъуэщ!

ШЫФЭКЪУЖ (ХЬЭФЫЦІЭ)
Данэ.

Къулейсызыгъэм щхьэусыгъуэ хуэхъухэр

Урысей къэралышхуэм Іэпхъуэшапхъуэр щыкуэдщ, щыхуэхэм щылэжьэн, я псэукІэр нэхъ тэмэму щызэтраухуэфын щІыпІэ кьалъыхъуэурэ. Кьуажэхэмрэ кьалэ щІыкІуэмрэ щІалэгъуалэм ямыбгынэным, щІыхуэр кьулейсыз мыхъун хуэдэу я щыІэкІэ-псэукІэр кьахуэзгъэщыным я хэкІыпІэхэм я гугъу здищІым. ЩІэныгъэхэмкІэ Урысей Академием дунейпсо экономикэмкІэ и институтым и кьудамэм и унафэщІ Миркин Яков жеІэ «Кьулейсызыгъэ» фІэщыуэ ди къэралпсом щагъэзэщІэну Іуэхуэхэр убыхун зэрыхуейр. Апхуэдэу щІыжиІэм и щхьэусыгъуэм щыщ гуэрхэм фыщыІэгъэгъуэзэнщ.

УРЫСЕЙМ и кьалэ цІыкІуу, курыту 800-р кьулейсызщ, зы Іуэхум щхьэкІи ахъшэ ямыІэу. Абыхэм щопсэу цІыху мелуан 27-рэ. Посёлкэ 1200-м - щІыпІэ мелуан-нибл, кьуажэ мин 18-м - мелуан 34-рэ. Пэжьэну, я унагъуэ зыхуэИ хуаГъэзэну Іэмал зымыгъуэтыжхэр Москва, Санкт-Петербург, иджыри гъащІэ нэхъ здэущІэ кьалэ зыбжанэм мэІэпхъуэ. Ауэ а здэІэпхъуэхэм кьулейсызыгъэр щыпхуэмыкІуэщкІуж хъуащ. Сыт дызыхуэкІуэр? Сыт хэкІыпІэу щыІэр?

Миркиным кьехь кьалэ зыбжанэм я щапхъэ. Абыхэм ящщ ящэм механическэ заводыр щыІэщ зыдэтэ (цІыхуэхэм я нэхъыбэр абы щылажьэу) Емевэ жаІэ. Заводыр зэфІагъэувэжкІыну хуейщи, абы зи мылъку хэзыІэхъэн кьалъыхъуэ. Кьагъуэтыну? Е Стариця кьалэ дахэ цІыкІур, тэмэму зебгъэуэжьмэ, зызыгъэпсэхуэхэм, зыплъыхьакІуэ ежьхэм я хэщІапІэ пхуэщІынур. Е Волгэ Іуфэм Іут Пучеж кьалэр, 1990 гъэхэм и пэкъм щыщІэдзауэ процент 45-кІэ нэхъ мащІэ хъуащ а кьалэм щыпсэуам я бжыгъэр. Гъуэгуэгъэр щІагъэуэным, егъэджакІуэм сом мин 13,7-рэ, щэнхабзэм и лэжьакІуэм сом мин 15,1-рэ я улахуэзу аращ. Пучеж нэхъыбэщ кьалъхьум нэхърэ. Кьалэм и бюджетыр кьанэ щымыІэу елъытащ «ищхьэкІэ» къикІынум. Юрьевец кьалэм щыпсэуам я бжыгъэр хуэдитІкІэ нэхъ мащІэ хъуащ илъэс 25-м кьуриубыдэу. Киренск кьалэми лэжьапІэнщэхэр щыкуэдщ, псэупІэ-коммунальнэ хуэІуэхущІэхэм я уасэр яхуэтыркъым. ХьэрычэтыщІэкІэ уэзджэнум я процент 70-р сатум хэту аращ. Кьэщэхущэжщ, армыхьумэ езыхэм зыри кьахуущІэгъэкІыркъым. Мы кьалэхэми нэгъэущІ куэдми щІэныгъэ зиІэ, псэуакІуэ дэсщ, ауэ зэкьхуэхуІэтыркъым. Кьалэхэмрэ кьуажэхэмрэ ахъшэ яІэкъыми, цІыхуэхэм я хьэрычэтрэ я жэрдэмрэ даІыгъыфыркъым, банкым кьеІыпх щІыкІуэкІэ уи Іуэху зэтебгъэуэн нэхъ уеІэжу гугъу мэхъу, щхьэщыптыкІын хуейм уи щхьэр кьуигъэІэтыркъым.

ЩІэныгъэлІым кьызэрилытэмкІэ, щІыпІэхэм ахъшэу кьалэжьыр кьахуэгъэнэжын хуейщ, зауэныр Іэмал иІэн папщІэ. Кьалэ цІыкІуэхэм дэсхэм я нэхъыбэр щылэжьа заводыр, фабрикэр зэфІэгъэувэжыным, зэманым деклу зэтегъэпсыхьыжьыным хьэрычэтыщІэхэр тезыгъэгушхуэ Іуэху убзыхуахэр щымыІэу хъунукъым.

Сом мин 11-13 кьахь пощтэхьэм, бухгалтерым, пхъэнкІакІуэм, уеблэмэ рабочэм сом мин 25-рэ и улахуэщ. Мы кьалэ цІыкІуэхэм хьыбарегъащІэхэр фІэльщ а зи гугъу тщІа лэжьакІуэхэм хуэдэ иралъэгъуэхэр, жызыІэни щыІщ. Ауэ а бжыгъэхэм кьагъэльагъэр кьулейсызыгъэщ. Іуэхур нэхъ Іеиж хъунут хадэ ямыІатэмэ. 2017 гъэм кІэрпсфІэкІ и процент 77-р, здэхэкІым и процент 63-р, гъэшхэкІым и процент 40-р унагъуэхэм кьалэжьыжауэ аращ (Росстатым кьыззритымкІэ). Ящхьи яІэу аращ, ефІэкІуэну Іэмал яГуэтырщыным. Іуэхур щІэзэІыхьэпэр цІыхуэр сымаджэ хъумэщ е лэжьапІэр фІэкІуэдмащ. Зи щхьэ бадзэ тезыхужьыфу щытари аргуэру къулейсызыгъэм кьыщохутэ.

ЦІыхуэхэм Сочэ зыщагъэпсэхужьыфыркъым - билетым мазэ улахуэ ехь. ЩІыгъэм кьахуэщэжыркъым, я унэ зэрагъэхьэфыркъым - псори льапІэщ. Я быным щІэныгъэ яхуетыжкъым, кьэралым и ахъшэкІэ иригъаджэм я бжыгъэм гъэ кьэс кІэрегъэхури.

2017 гъэм кьызэригъэльэгъуамкІэ, ди цІыкІуэхэм я процент 60-м банкэхэм халъхьауэ ахъшэ яІэкъым, процент 40-м кьалэжьыр ерагъкІэ яхуригъэкъуу аращ я щыгъынымрэ я шхынымрэ кьащэхуну. Микрокредит кьеІыпІэхэм я бжыгъэр процент 80-кІэ хэхъуащ. Абыхэм я процент 30-р бэлыхь хэхуащ щыІэхуэм щхьэщатыкІын хуейм пэмыльэщу.

Сыт мы бжыгъэхэм кьагъэльагъуэр? Кьулейсызыгъэр, кьалэ цІыкІуэхэрэ кьуажэхэмрэ нэщІ зэрыхъур кьэзыгъэувыІэн Іуэху икІэщІэпІэкІэ убзыхуэр зэрыхуейр.

Нэхъыщхьэращи, щапхъэфІхэр щыІэщ. Хэт, псалъэм папщІэ, зыфІэмыгъэщІэгъуэныр Китайм и Хуаси кьуажэм игъуэта зыужьыныгъэр. Абы ИнтернетымкІэ уеплъыфынущ.

Кьуажэм и парткомым и учащфэщІым зэрыжиІэмкІэ, щІыуэ яІэр мащІэт, абы кьыпэкІуэмкІэ уи цІыхуэр бгъэпсэуну щхьэгъэпцІэжу. Арати, промышленностым зратащ. Илъэс 50-м кьриубыдэу абы заводыр, фабрикэ щІы бжыгъэхэр щухуащ, кьуажэм пхужьыныІэну зиужьащ, зыгъэпсэхуПІэ гуэрым укъыщыхутам хуэдэу. Псори дахэу, кьабзэу, унагъуэ кьэс унэ зэтетхэр, машинитІ-щы яІэу, ахъшэ гъэтІылъыгъэу юань мелуанищ нэхъ мащІэ зиІэ яхэмыту мэпсэу. «Коммунизмэщ щаухуэфа зы кьуажэ», - жаІэ Хуаси щхьэкІэ. Абы щыпсэуэхэм я узэншащэм кІэлъагъэпльыным, я сабийхэр гъэсапІэхэмрэ еджапІэхэмрэ яГьэкІуэным уасэ щІатырыкъым, щІэпхъащхъэ кьыщыхъуркъым, ерыскъыхэкІыр кьыззрымыкІуэу щыпудщ.

Кьэралі 40-м ирагъашэ мы кьуажэм кьыщыщІагъэкІхэм ящыщ. «Дэ капитализмэмрэ социализмэмрэ фІыуэ яхэлъыр зэдгъэІуауэ долажьэ», - жеІэ коммунист партым кьуажэм щиІэ кьудамэм и унафащІ У Женьбао. - 1960 гъэхэм дгъэбелджылащ кьуажэм зэрызедгъэужьыну щыкІэр. Абы льандэрэ зы тхьэмахуэ кьэмынэу кьуажэдэсхэр зэхудошэ, ди Іуэхухэр зыІутым дытопсэлъыхь, дызочэнджэщ.

Мыбы кьуажэкІи уеджэжьынукъым, щэкІым кьыщыщІэдгъэгъущхэкІым щлэжь фабрикэрэ заводу 80 зыдэт кьуажэр холдинг хъуащ. Кьуажэдэсхэм я мазэ улахуэр инкъым (юань 1200-рэ хуэдиз), ауэ илъэсым и кІэм хэхуэу яІам и процент 20-р унагъуэхэм трагъашэ, ар юань мини 100-м кьыщыщІадзауэ мин 200-м щынэс щыІэщ.

Китайм и холдингыр, Израильм и кибуцхэр (ари кьуажэдэсхэм я щІыр зыкъзэрагъэсэбэп щІыкІэмкІэ, псэукІэу яІэмкІэ щапхъэ ирокъу) щыплъагъукІэ, «щІыпІэ самоуправленэ» зыфІащащ и мыхьэнэр сыт, жыпІэу уогупсыс, щыкІэ, псыкІэ, мэзкІэ, нэгъэущІэхэмкІи дымыкъулейсызу, Японием хуэдэу зэм щІыр хъейуэ, зэм псыдэр кьытщІэуэу гуэзвэгъуэ дымыпсагъуу дыпсоуну ди «насыпщІыдзэрэ зы дакъикъи дэкІатэхъым хэгъэрейхэм я гуащъхьэуэ Сабуэ ди гуащъхьэхъумэхэр щигъэгъужьеям. Насып диІэти, ар зэуэ топыр зымащІэкІэ гъуэм щхьэпрыльэтащ. Абы хуэфэщэн жэуап Мэшыкъуэ Хьэчим псынщІэ дыдэу иритыжащ. Нэрылъагъут лъэныкъуитІри ебгъэрыкІуэныгъэм зэрыхуэпабгъэр. Арщхьэкіэ зи Іуэху нэхъ къикіар «Спартак-Налшыкращ».

ЕпщыкІузанэ дакъикъэм Бажэ Амир хэгъэрейхэм я гуащъхьэхъумэхэм топыр къатрихщ, и закъуэу гъуэм бгъэдыхьэри, ди щІалэхэр яПэ иригъэщащ. Абы игъэгушхуа налшыкдэсхэм я ебгъэрыкІуэныгъэ льэщхэр адэкІи щІагъэхуэбжьащ икІи мыгувэу Мэшыкъуэ Хьэчим бжыгъэр игъэбгъуащ. Абы ипэжкІэ Бажэ Амир етІуанэ топри худэгъэкІынут, ар щІыкІэ льэщу еуами, гъуэм хуэзакъым.

Джэгум и щІэдзэкІэм игъэундэрщэхуэ «Краснодар-3»-м зитыну хьэзыр. Сыти жыІи, епщыкІутхуанэ дакъикъэм ирихьэлІэу Іуэхур зэхэкІат. Адэкіэ налшыкдэсхэр здэпІощІэжьын щыІэтэхъым, хуэмурэ зэІуущІэр и кІэм нагъэсын хуейуэ арат.

Хэгъэрейхэр хущІэкъуащ зы топ пэкъ мыхъуми «Спартак-Налшыкым» худагъэкІыну. Псом хэмыдэу зэхуэдэ ящІыкІэ щІэныгъэ зэрыратар зэ закъуэщ: гъуэ нэщІым кІуэ топым Тебэрды Тимур къиригъэгъэзащ. Абы иужькІэ Ашу Мурад бжьыгъэ ин ищІыфынут, ар зэуэ топыр гъуащъхьэм темыхуамэ.

Апхуэдэ щыкІэкІэ «Спартак-Налшыкым» текІуэныгъэ 2:0-у зыІэригъэзащ. Абы иужькІэ Ашу Мурад бжьыгъэр ин щІыкІэ щыпашэ-жьэм къахэнащ. Мэшыкъуэ Хьэчим епплІанэ топыр Краснодар щыдигъэкІри, гуащъхьауэхэм я зэпеуэм бжьыпэр щиубыдащ. Абы зыкІэ къыкІэроху «Чайка»-м и пашэ Подбельцев Александр.

Адэкіэ щыгъуазэ фыхуэтпщІыщ Урысей Федерацэм футболымкІэ и етІуанэ дивизионым и «Ипщэ» гупым щыщІэзыщэ зэхьэзэхуэм и етхуанэ джэгугъуэм къриІуа бжьыгъэхэм. Мис ахэр: «**Динамо-Ставрополь**» (Ставрополь) - **СКА** (Дон Іус Ростов) - **1:2**, «**Мэшыкъуэ-КМВ**» (Псыхуабэ) - «**Дружба**» (Мейкъуапэ) - **0:2**, «**Спартак-Владикавказ**» (Владикавказ) - «**Чайка**» (Песчанокопское) - **2:3**, «**Легион-Динамо**» (Мэхъэчкъалэ) - «**Биолог-Новокубанск**» (Прогресс) - **2:0**, «**Академия**» (Дон Іус Ростов) - «**АнГушт**» (Нэзрэн) - **1:1**, «**Урожай**» (Краснодар) - «**Волгарь**» (Астрахань) - **2:1** (хэгъэрейхэм я топитІри дзэзыгъэкІар Кьалмыкъ Амуррщ).

КьыкІэпльыкІуэ джэгуГъуэр «Спартак-Налшыкым» и стадионым щригъэкІуэкІынущ. Фокіадэм и 2-м абы къриГъэлэгъэнущ ди лъэхэгъуэхэу Кьалмыкъ Амур, Жылэ Ислъам, Абазэ Астемыр сымэ зыхэт Краснодар и «Урожай» командэр. Хьэлэмэтраци, зыІэрагъэхьэ очко бжьыгъэкІи, я хьэрхуэрэгъуэхэм худагъэкІахэмкІи тхьэмахуэ къакІуэ Налшык щызэпэщІуэвэну командитІыр кьанэ щымыІэу зэтохуэ. Хэт ипэ ищынуми езыхэм зэхагъэкІыжыну Іэмал ГьуэзэджкІэ кьыкъуэкІащ.

ЖЫЛАСЭ Заурбэч.

ПсынщІэу Іуэхур зэфІагъэкІри...

● Футбол

«Краснодар-3» (Краснодар) - «Спартак-Налшык» (Налшык) - 0:2 (0:2). Краснодар. «Краснодар» стадион. Щыщхьэуіум и 28-м. ЦІыхуи 100 еплъащ.

Судьяхэр: Смирнов (Кисловодск), Валеев, Сеин (тІури Дон Іус Ростов щыщщ).

«**Краснодар-3**»: Латышонок, Пивоворов (Воротников, 29), Парадин, Корнюшин, Чичбэ (Шершнёв, 63), Голубев, Черников, Григорян (Куражков, 60), Сабуэ, Халназаров, Рзаев (Коломийцев, 70).

«**Спартак-Налшык**»: Щоджэн, Лелюкаев, Тебэрды, Белоусов, КІэдыкІуей, Іэпщащэ (Дзэ́ту, 64), Шававев, Мэшыкъуэ (Михайлов, 72), Бацэ (Эмексуэян, 87), Бажэ (Хьэгъэр, 90+4), Машэжь (Ашу, 38).

Топхэр дагъэкІащ: Бажэм, 11 (0:1). Мэшыкъуэм, 14 (0:2).

Дагъуэ кьыхуащІащ: Черниковым, Голубеевым, КІэдыкІуеймі, Мэшыкъуэм.

Джэгум кьыхахуащ КІэдыкІуейр.

«СПАРТАК-Налшыкым» хабзэ хэхъуэ хуэдэщ джэгум и пэщІэдзэм Іуэхур зэфІигъэкІри, адэкІэ зэрыкъхъум хуэдэу иригъэкІуэкІыу. Апхуэдэу щытащ тхьэмахуитІ ипэкІэ Дон Іус Ростов щыІэу «Академия»-м щыІущІами, бльщхьэ кІуам «Краснодар-3»-м щихьэщІами. Ипэм епщІанэ дакъикъэм ди щІалэхэм бжьыгъэ кьызэІуахащ, иджы - епщыкІузанэм. ТІуми текІуэныгъэр кьыщІахьащ.

Краснодардэсхэр мы гъэм зыми кьыхихыгъэщІатэкъым икІи я екъуІэныгъэхэм пащэну ахэр хьэзырт. Джэгум зэрыщІидзэрэ зы дакъикъи дэкІатэкъым хэгъэрейхэм я гуащъхьауэ Сабуэ ди гуащъхьэхъумэхэр щигъэгъужьеям. Насып диІэти, ар зэуэ топыр зымащІэкІэ гъуэм щхьэпрыльэтащ. Абы хуэфэщэн жэуап Мэшыкъуэ Хьэчим псынщІэ дыдэу иритыжащ. Нэрылъагъут лъэныкъуитІри ебгъэрыкІуэныгъэм зэрыхуэпабгъэр. АрщхьэкІэ зи Іуэху нэхъ къикІар «Спартак-Налшыкращ».

ЕпщыкІузанэ дакъикъэм Бажэ Амир хэгъэрейхэм я гуащъхьэхъумэхэм топыр къатрихщ, и закъуэу гъуэм бгъэдыхьэри, ди щІалэхэр яПэ иригъэщащ. Абы игъэгушхуа налшыкдэсхэм я ебгъэрыкІуэныгъэ льэщхэр адэкІи щІагъэхуэбжьащ икІи мыгувэу Мэшыкъуэ Хьэчим бжьыгъэр игъэбгъуащ. Абы ипэжкІэ Бажэ Амир етІуанэ топри худэгъэкІынут, ар щІыкІэ льэщу еуами, гъуэм хуэзакъым.

Джэгум и щІэдзэкІэм игъундэрщэхуэ «Краснодар-3»-м зитыну хьэзыр. Сыти жыІи, епщыкІутхуанэ дакъикъэм ирихьэлІэу Іуэхур зэхэкІат. Адэкіэ налшыкдэсхэр здэпІощІэжьын щыІэтэхъым, хуэмурэ зэІуущІэр и кІэм нагъэсын хуейуэ арат.

Хэгъэрейхэр хущІэкъуащ зы топ пэкъ мыхъуми «Спартак-Налшыкым» худагъэкІыну. Псом хэмыдэу зэхуэдэ ящІыкІэ щІэныгъэ зэрыратар зэ закъуэщ: гъуэ нэщІым кІуэ топым Тебэрды Тимур къиригъэгъэзащ. Абы иужькІэ Ашу Мурад бжьыгъэр ин ищІыфынут, ар зэуэ топыр гъуащъхьэм темыхуамэ.

Апхуэдэ щыкІэкІэ «Спартак-Налшыкым» текІуэныгъэ 2:0-у зыІэригъэзащ. Абы иужькІэ Ашу Мурад бжьыгъэр ин щІыкІэ щыпашэ-жьэм къахэнащ. Мэшыкъуэ Хьэчим епплІанэ топыр Краснодар щыдигъэкІри, гуащъхьауэхэм я зэпеуэм бжьыпэр щиубыдащ. Абы зыкІэ къыкІэроху «Чайка»-м и пашэ Подбельцев Александр.

Адэкіэ щыгъуазэ фыхуэтпщІыщ Урысей Федерацэм футболымкІэ и етІуанэ дивизионым и «Ипщэ» гупым щыщІэзыщэ зэхьэзэхуэм и етхуанэ джэгуГъуэм къриІуа бжьыгъэхэм. Мис ахэр: «**Динамо-Ставрополь**» (Ставрополь) - **СКА** (Дон Іус Ростов) - **1:2**, «**Мэшыкъуэ-КМВ**» (Псыхуабэ) - «**Дружба**» (Мейкъуапэ) - **0:2**, «**Спартак-Владикавказ**» (Владикавказ) - «**Чайка**» (Песчанокопское) - **2:3**, «**Легион-Динамо**» (Мэхъэчкъалэ) - «**Биолог-Новокубанск**» (Прогресс) - **2:0**, «**Академия**» (Дон Іус Ростов) - «**АнГушт**» (Нэзрэн) - **1:1**, «**Урожай**» (Краснодар) - «**Волгарь**» (Астрахань) - **2:1** (хэгъэрейхэм я топитІри дзэзыгъэкІар Кьалмыкъ Амуррщ).

КьыкІэпльыкІуэ джэгуГъуэр «Спартак-Налшыкым» и стадионым щригъэкІуэкІынущ. Фокіадэм и 2-м абы къриГъэлэгъэнущ ди лъэхэгъуэхэу Кьалмыкъ Амур, Жылэ Ислъам, Абазэ Астемыр сымэ зыхэт Краснодар и «Урожай» командэр. Хьэлэмэтраци, зыІэрагъэхьэ очко бжьыгъэкІи, я хьэр